

Gid Planifikasyon Tranzisyon Segondè pou Endividé Andikape

Ministère d'Éducation du Maryland
Division d'Intervention Bonne/Services Éducatifs Spéciaux



Pwosesis tranzisyon an ankre nan pratik ki baze sou evidans ki sèvi kòm prediktè pou siksè apre lekòl.



Pwodwi anba oryantasyon Marcella E. Franczkowski, Direktè Eta Adjwen, Divizyon Entèvansyon Bonè ak Sèvis Edikasyon Espesyal Tanpri enkli referans a Ministè Edikasyon Eta Maryland, Divizyon Entèvansyon Bonè ak Sèvis Edikasyon Espesyal sou tout repwodiksyon enfòmasyon sa a. Pou mande pemisyon pou kèlkeswa itilizasyon ki pa "itilizasyon ekitab" jan yo konprann tem sa nan lwa dwadote, kontakte: Ministè Edikasyon Eta Maryland, Divizyon Entèvansyon Bonè ak Sèvis Edikasyon Espesyal, 200 West Baltimore Street, Baltimore, Maryland 21201, 410-767-0249 telefòn.

Ministè Edikasyon Eta Maryland lan pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, sèks, laj, orijin nasyonal, reliyon, andikap, oubyen oryantasyon seksyèl nan afè ki afekte anplwa oubyen nan ofri aksè a pwogram ak aktivite epi ofri aksè egal a Boy Scouts ak lòt gwoup lajenès ki deziyen. Pou kesyon ki lye ak politik Ministè a, tanpri kontak Reprezantan Ekite Ajans a, Biwo Asirans Ekite ak Konfòmite, Biwo Direktè Eta Adjwen pou Finans ak Administrasyon, Ministè Edikasyon Eta Maryland, 200 West Baltimore Street, Baltimore, Maryland 21201-2595, 410-767-0433 telefòn, 410-767-0431 faks, 410-333-6442 TTY/TDD

Karen B. Salmon, Ph.D.
Direktè Eta pou Lekòl

Brigadye Jeneral Warner I. Sumpter, USA, Ret.
Prezidan, Konsèy Edikasyon Eta Maryland

Larry Hogan
Gouvènè

Carol A. Williamson, Ed.D.
Direktè Eta Adjwen pou Edikasyon ak Aprantisaj

Marcella E. Franczkowski, M.S.
Direktè Adjwen Eta
Divizyon Entèvansyon Bonè ak Sèvis Edikasyon Espesyal

200 West Baltimore Street
Baltimore, Maryland 21201
MarylandPublicSchools.org



Kijan pou w Itilize Gid Sa a

Ministè Edikasyon Eta Maryland lan gen ***Gid Planifikasyon Tranzisyon Segondè pou Endividé Andikape*** ki ofri enfòmasyon bay etidyan, paran/responsab, edikatè, ak ajans kominate sou pwosesis tranzisyon an. Menm si chak etidyan pral gen objektif ak rezulta tranzisyon ki pèsonalize, gid sa a ofri enfòmasyon "prelimine" konsènan ekzijans pwosesis tranzisyon an nan kad Lwa Edikasyon pou Endividé Andikape ansanm ak estrateji ak resous ki rekòmande pou reyalize yon rezulta pozitif.

Gid sa a pral ofri detay sou sije swivan yo:

- Planifikasyon Tranzisyon (ki mennen ak rezulta anplwa epi edikasyon pòs-segondè, annakò ak IDEA)
- Wòl ak Enplikasyon Patnè
- Ekzijans pou Sètifica Lekòl Segondè Maryland ak Sètifica Achèvman Pwogram Lekòl Segondè Maryland
- Rezime Pèfòmans Maryland (oparavan Dokiman Soti Maryland)
- Abilite vs Elijiblite
- Laj Majorite
- Ajans Sèvis Adilt Maryland
 1. Divizyon Sèvis Reyalibilitasyon (DORS)
 2. Administrasyon Andikap Devlopmantal (DDA)
 3. Administrasyon Sante Konpòtmantal (BHA)
 4. Ministè Travay, Lisans ak Regleman - Divizyon Developman Mendèv ak Edikasyon Adilt (DLLR)
- Benefis
- Sèvis Edikasyon Pòs-segondè/Sipò pou Andikap
- Fòmasyon Transpò/Vwayaj
- Swen Sante
- Aksè Kominote
 1. Rekreyasyon/Lwazi
 2. Titèl
 3. Sekirite Sosyal
 4. Planifikasyon Finansye/Fidisi Bezwen Espesyal/Planifikasyon Siksesoral
- Pwosesis Tranzisyon: Lyen Ajans

Apandis A: Dele ki rekòmande

Apandis B: Keson ki Souvan Poze Sèvis Edikasyon Pòs-segondè/Sipò pou Andikape

Apandis C: Popilasyon/Resous Espesifik

Apandis D: Abrevyasyon ki Souvan Itilize ak Glosè



Kisa ki Planifikasyon Tranzisyon?

Ministè Edikasyon Eta Maryland, Divizyon Entèvansyon Bonè/Sèvis Edikasyon Espesyal gen ***Gid Planifikasyon Tranzisyon Segondè*** ki konsantre sou mouvman endividé andikape soti lekòl pou ale nan rezulta pòs-segondè. Yon eleman enpòtan nan planifikasyon tranzisyon segondè se pou aktivite ak sèvis tranzisyon sekantyal santré sou moun lan epi aksyone Pwogram Edikasyon Pèsonalize a (IEP). Pou etidyan yo ka kite lekòl segondè ak siksè epi prepare pou inivèsite, karyè, ak kominate, planifikasyon bonè rete vital. Nan Maryland, planifikasyon tranzisyon ak livrezon sèvis tranzisyon kòmanse nan ane IEP kote etidyan an vini gen 14 ane.

Lwa Edikasyon pou Endividé Andikape a deklare objektif lejislasyon an se pou "asire tout timoun ki andikape gen a disponibilité yo yon edikasyon publik ki gratis ki aksantye edikasyon espesyal ak sèvis ki lye ki kreye pou satisfè bezwen inik yo epi prepare yo pou anplwa ak lavi endepandan nan fiti." Lwa a souliye nesesité pou edikate, paran, ak ajans kominate travay ansanm pou sipòte etidyan an pandan l ap travay sou objektif ak rezulta pòs-segondè. Yo dwe ofri sèvis tranzisyon pou ede etidyan an nan atenn konpetans nesesé pou reyalize objektif pòs-segondè li yo.

IDEA 2004 defini sèvis tranzisyon kòm seri aktivite kowodone pou yon etidyan ki andikape ki rete:

- konsevwa nan kad pwosesis ki oryante sou rezulta, konsantre sou amelyore reyalizasyon akademik ak fonksyonel yon endividé ki andikape pou facilite mouvman yo soti nan lekòl ale nan aktivite pòs-segondè, sa enkli edikasyon pòs-segondè; edikasyon pwofesyonèl; anplwa entegre; edikasyon kontini ak pou adilt; sèvis adilt; lavi endepandan oubyen patisipasyon kominate;
- ki baze sou bezwen endividé an, lè li pran ankont fòs, preferans, ak enterè yo; epi;
- konsevwa pou enkli enstriksyon, sèvis ki lye, eksperyans kominate, devlopman anplwa ak lòt objektif lavi adilt pòs-segondè epi lè sa awopriye, akeri konpetans lavi chak jou ak evalyasyon pwofesyonèl fonksyonèl.

Planifikasyon Tranzisyon

Objektif planifikasyon tranzisyon se sipòt etidyan ki andikape pandan y ap pwogrese atravè lekòl epi prepare yo pou lavi nan mond adilt lan. Sa enkli planifikasyon pou inivèsite, travay, transpò, aranjman lavi, swen sante, ak lavi kotidyen. Aktivite adilt yo ka yon kombinezon nan kèleswa sa kap swiv yo:

- Determinisasyon ak Defans Pèsonèl
- Patisipasyon Kominote
- Edikasyon Pòs-segondè
- Fòmasyon pou Anplwa
- Anplwa konkiransyèl
- Lavi endependan
- Lyezon sèvis adilt

Planifikasyon tranzisyon pou fiti yon etidyan kòmanse depi nan lekòl elemante ak sansibilizasyon karyè ak aktivite eksplorasyon. Planifikasyon tranzisyon fomel kòmanse atravè pwosesis IEP nan ane lè timoun lan gen 14 ane epi li aksyone IEP a. Etidyan, ak sipò nan men paran ak edikate, idantifye objektif pòs-segondè nan domèn anplwa, edikasyon pòs-segondè oubyen fòmasyon pou anplwa; epi si sa apwopriye, lavi endependan. Objektif pòs-segondè sa yo baze sou rezulta evalyasyon tranzisyon ki apwopriye ak laj.

Poukisa yo bezwen yon plan tranzisyon?

Yo konsevwa plan tranzisyon an pou asire etidyan an pral resevwa konpetans ak sèvis nesesè pou reyalize yon tranzisyon andouse soti nan lekòl pou antre nan lavi adilt. Pou etidyan ki gen IEP, sistèm lekòl publik ak lekòl ki pa publik ofri sipò edikatif ki te ka enkli teknoloji asistans, fòmasyon pou travay, asistans pèsonèl, ak lòt sipò yo jije apwopriye atravè ekip IEP a. Lè etidyan yo kite lekòl segondè, sipò sa yo pa ofri otomatikman, menm si yo te disponib pandan ane lekòl la. (Konsilte Seksyon sou Elijbilité ak Abilité)

Kisa ki enkli nan planifikasyon tranzisyon?

Pwosesis planifikasyon tranzisyon an rive lè etidyan ki gen IEP idantifye kisa yo pral fè apre gradiyasyon epi konsidere konpetans, fòmasyon, edikasyon, ak/oubyen resous ki nesesè pou reyalize objektif sa yo. Li enkli tou:

- Idantifye ak aplike pou ajans sèvis adilt ki apwopriye yo.
- Rasable dokiman nesesè pou inivèsite, anplwayè, oubyen founisè sèvis fiti yo.
- Detèmine aktivite fòmasyon tranzisyon ak sipò nesesè nan fason rezonab
- pèmèt etidyan an atenn objektif sa yo.

Kilè planifikasyon pou tranzisyon kòmanse?

Planifikasyon tranzisyon kòmanse ane etidyan an vin gen 14 ane, si se pa pi bonè. Nan moman sa a yon Plan Tranzisyon fomel ki enkli objektif pòs-segondè ak sèvis tranzisyon etidyan an dwe devlope epi enkli nan IEP a. Sa ka paret bonè anpil, men planifikasyon apwofondi nesesè si etidyan dwe akeri konpetans ak eksperyans nesesè pou ede yo reyalize objektif pòs-segondè yo. Lè nou kòmanse planifikasyon tranzisyon nan laj 14 ane, sa bay etidyan an tan pou l eksploré chwa objektif pòs-segondè li yo epi modifye oubyen chanje yo dapre eksperyans tranzisyon ak konesans li akimile. Li pral fri tou tan pou aplike pou sèvis ak sipò pòs-segondè tankou: sipò akademik nan inivèsite; ankadreman pwofesyonèl, asistans swen pèsonèl, lojman sibvansyone, oubyen lòt sèvis adilt.

Wòl ak Enplikasyon Patnè

Nan menm nivo enpòtans tankou idantifikasiyon objektif pòs-segondè, dives pati prenan ki ka sipòte pwosesis tranzisyon an ak ede etidyan an nan reyalize objektif ki idantifye yo. Pati prenan vini sou tab planifikasyon tranzisyon an ak yon varyete wòl ak responsablite. Sa yo ka varye atravè sistèm lekòl lokal.

Patnè	Wòl/Responsablite
Etidyan	<ul style="list-style-type: none"> ○ Patisipe nan planifikasyon tranzisyon ○ Idantifye fos ak defi ○ Eksprime enterè ak preferans ○ Idantifye objektif pòs-segondè ○ Patisipe nan aktivite tranzisyon ki idantifye nan IEP a.
Paran/Responsab	<ul style="list-style-type: none"> ○ Patisipe nan IEP ak rankont planifikasyon ekip tranzisyon ○ Pataje fos, enterè etidyan an epi sipòte bezwen asistans ekip IEP ○ Ede etidyan an aksede lòt patnè tranzisyon ○ Defann objektif etidyan an ○ Pataje kontak ak rezo pou opòtinite travay potansyel ○ Ofri fidbak bay patnè tranzisyon ○ Revize dele tranzisyon epi mande sipò lè sa nesesè
Sistèm Lekòl	<ul style="list-style-type: none"> ○ Resevwa pemisyon paran/respondab pou kominike ak eta epi ajans kominote ○ Envite patnè nan rankont ekip IEP lè y ap diskite tranzisyon ○ Ede paran/respondab nan aplikasyon pou sèvis pòs-segondè nan men ajans eta tankou Divizyon Sèvis Reyabilitasyon (DORS), Administrasyon Andikap Developman (DDA), ak Administrasyon Sante Konpòtmantal (BHA) ○ Ofri enstriksyon ak eksperyans travay nan anviwònman travay ki otantik si IEP a endike sa ○ Travay nan fason kolaboratif ak DORS pou asire etidyan ki elijib ak etidyan ki potansyèlman elijib rive idantifye epi resevwa Sèvis Tranzisyon Pre-Anplwa (Pre-ETS) ○ Ofri rankont enfòmasyonel pou paran konsènan aspè planifikasyon tranzisyon ak pwosesis/kalandriye aplikasyon pou ajans eta ki ka ofri sèvis pou etidyan lè yo soti nan sistèm lekòl la. ○ Dokimante ak rapòte pwogrè ak estati etidyan apre l soti
Divizyon Sèvis Reyabilitasyon Maryland (DORS)	<ul style="list-style-type: none"> ○ Patisipe nan rankont planifikasyon tranzisyon/vini nan rankont IEP lè sa posib. ○ Kòmanse travay ak etidyan ki elijib anvan dènye ane lekòl segondè yo pou devlope Plan Pèsonalize pou Travay (IPE) ○ Idantifye sèvis nesesè pou tranzisyon reyisi nan edikasyon ak/oubyen anplwa pòs-segondè ○ Gen ako ak Founisè Reyabilitasyon Kominote (CRPs) pou sipòte etidyan ak developman pwofesyonèl ak sèvis travay ○ Ofri Sèvis Fòmasyon Anva-Anplwa (Pre-ETS) pou etidyan lekòl segondè ki elijib nan laj 14-22 lane nan domèn Konsèy Eksplorasyon Travay, Eksperyans Aprantisaj ki Baze sou Travay, Enstriksyon an Defans Pèsonèl, Konsèy pou

Patne	Wòl/Responsabilite
	Opòtinite nan Edikasyon Pòs-segondè, ak Fòmasyon Preparasyon pou Espas Travay
Administrasyon Andikap Developman nan Maryland (DDA)	<ul style="list-style-type: none"> ○ Patrise nan planifikasyon tranzisyon ○ Kolabore ak lòt patnè tranzisyon pou asire etidyan yo gen dokimantasyon apwopriye pou kalifye ak aksede a sèvis ○ Ofri finansman alongtem pou endividé ki elijib lè yo kite lekòl ○ Gen ako ak Kowòdonatè Sèvis Kominote (CCS) pou ede ak tranzisyon soti nan lekòl pou ale nan mond adilt la
Founisè Swen Adilt, Founisè Reyabilitasyon Kominote (CRPs)	<ul style="list-style-type: none"> ○ Patrise nan planifikasyon tranzisyon ○ Antre nan ako kontraktyèl ak sistèm lekòl yo epi DORS pou facilite eksperyans ki baze sou travay epi ofri developman pwofesyonèl ak ancadreman pwofesyonèl anvan ak apre yo kite lekòl ○ Ofri sèvis ak sipò pou kliyan DORS ak DDA pou ofri developman pwofesyonèl ak ancadreman pwofesyonèl apre yo kite lekòl segondè
Inivèsite, Pwogram Fòmasyon Edikasyon Pòs-segondè	<ul style="list-style-type: none"> ○ Angaje ak etidyan pou idantifye nesesite amenajman ak sipò nan kolaborasyon ak Sèvis Sipò Andikape sou kanpis inivèsite yo ○ Ofri aksè ak sipò pou patisipasyon nan aktivite kanpis, kou, ak anplwa

Ekzijans pou Diplòm Etid Segondè Maryland ak Sètifikasi Achèvman Pwogram Lekòl Segondè Maryland

Diplòm Etid Segondè Maryland (Konsilte COMAR 13A.03.02.09)

- Yo pral akode yon Diplòm Etid Segondè Maryland a etidyan ki:
 - a. Ranpli ekzijans enskripsyón, kredi, ak sèvis.
 - b. Sistèm lekòl lokal ka defini ekzijans kredi adisyonèl oubyen ajoute andosman nan diplòm lan kòm yon ankourajman pou etidyan satisfè ekzijans ki etabli lokalman ki ale pi lwen pase minimòm Eta a etabli.
- Pou plis enfòmasyon, vizite:
<http://www.marylandpublicschools.org/programs/Documents/Testing/GraduationsRequirements2018.pdf>

Sètifikasi Achèvman Pwogram Lekòl Segondè Maryland (Konsilte COMAR 13A.03.02.09E)

- Sètifikasi Achèvman Pwogram Lekòl Segondè Maryland pral akode sèlman a etidyan ki andikape ki pa satisfè ekzijans pou yon diplòm men ki satisfè estanda swivan sa yo:
 - a. Etidyan an enskri nan yon pwogram edikasyon pou omwen 4 ane pi lwen pase 8yèm ane oubyen ekivalan an nan laj, epi li detèmine atravè ekip IEP, ak ako paran etidyan ki andikape, li te devlope konpetans apwopriye pou endividé a antre nan mond travay la, aji kòm yon sitwayen responsab, epi jwi yon lavi satisfèzan, sa enkli men li pa limite a
 - Anplwa peye;
 - Edikasyon ak fòmasyon pòs-segondè;
 - Travay ki asiste; epi
 - Lòt sèvis ki entegre nan kominate a; oubyen
 - b. Etidyan an te enskri nan yon pwogram edikasyon pandan 4 ane pi lwen pase 8yèm ane oubyen ekivalan an nan laj epi li pral rive nan laj 21 anvan premye jou nan pwochen ane eskole a.
- Rezime Pèfòmans Maryland lan ki dekri konpetans etidyan an pral akonpaye Sètifikasi Achèvman Pwogram Lekòl Segondè Maryland lan.
- Desiiyzon final pou akode yon etidyan ki andikape yon Sètifikasi Achèvman Pwogram Lekòl Segondè Maryland pa pral reyalize jiska apre kòmansman dènye ane lekòl etidyan an nan lekòl segondè.
- Yon etidyan ki andikap koyitif ki konsiderab ka pa satisfè ekzijans gradiyasyon lekòl segondè si yon etidyan:
 - a. Patisipe nan Evalyasyon Altenatif ki baze sou Estanda Reyalizasyon Akademik Altènatif(AA-AAAS); epi
 - b. Kontinye resevwa enstriksyon ki baze sou Estanda Reyalizasyon Akademik Altènatif atravè lekòl segondè.

- Si yon etidyan patisipe nan seremoni gradyasyon anvan l'komplete pwogram edikasyon etidyan an, nan seremoni an sistèm lekòl lan pral delivre bay etidyan an yon Sètifica Reyalizasyon oubyen lòt sètifica ki gen tit simile nan plas yon diplòm. (COMAR 13A.03.02.09E(3))

Rezime Pèfòmans Maryland (MSOP)

Maryland ofri etidyan ki gen IEPs yon Rezime Pèfòmans Maryland (MSOP) anvan yo transfere soti nan lekòl pou ale nan aktivite apre lekòl. MSOP a obligatwa nan kad reotorizasyon Lwa Edikasyon Endividé Andikape ane 2004 la. Nan Maryland, dokiman sa ofri a tout etidyan ki gen IEPs anvan yo soti ak yon Diplòm Etid Segondè Maryland oubyen Sètifica Achèvman Pwogram Lekòl Segondè Maryland(Konsilte COMAR 13A.03.02.09E (2)).

Poukisa yon Rezime Pèfòmans Maryland (MSOP) enpòtan?

Rezime Pèfòmans Maryland lan ofri etidyan finisan ki gen IEPs enfòmasyon enpòtan yo ka itilize pandan y ap fè tranzisyon soti lekòl pou ale nan aktivite pòs-segondè. Aktivite sa yo ka enkli anplwa, edikasyon pòs-segondè, travay asiste, oubyen lavi endepandan ki ofri atravè founisè reyabilitasyon kominote. MSOP ap pral kreye kòm yon pati nan IEP etidyan an, epi enfòmasyon ki rasanble a rete baze sou kontribisyón nan men etidyan an, fanmi l, ak ekip IEP a.

MSOP a ka ofri potansyel anplwayè, enstitisyón etid pòs-segondè, ak founisè sèvis adilt enfòmasyon itil konsènan konpetans, fos jèn adilt lan, epi kèlkeswa sipò li ka bezwen pou l'reyisi. Gen kat pati nan Rezime Pèfòmans Maryland la. Yo afiche chak pati yo anba a.

1ye Pati - Enfòmasyon Jeneral

2yèm Pati - Objektif Pòs-segondè Etidyan an

3 yèm Pati- Rezime Pèfòmans (Sou Plan Akademik, Koyitif, ak Fonksyonel)

4 yèm Pati- Rekòmandasyon pou Satisfè Objektif Pòs-segondè

Abilite vs Elijiblite

Konprann diferans ant abilite pou edikasyon publik ak elijiblite pou sèvis adilt ka kreye anpil konfizyon. Nan Maryland, yon jènn adilt ki andikape ki ap resevwa sèvis edikasyon espesyal gen DWA a yon edikasyon publik apwopriye ki gratis pandan ane eskole kote li vin gen laj 21 ane oubyen li te satisfè ekzijans pou Diplòm Etid Segondè Maryland oubyen Sètifikasi Achèvman Pwogram Lekòl Segondè Maryland. Sèvis sa yo dokimante nan kad Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP) etidyan an jan ekip IEP detèmine sa epi li finanse atravè sistèm lekòl lolak la. Yon etidyan ki kite sistèm lekòl la ak yon Diplòm Etid Segondè Maryland oubyen Sètifikasi Achèvman Lekòl Segondè Maryland pa gen dwa pou l resevwa sèvis ankò. Nan moman sa a, endividé yo dwe aplike pou sèvis adilt pou we si yo ELIJIB pou resevwa yo. Anplis de satisfè kritè elijiblite, finansman dwe disponib pou resevwa sèvis ak sipò nan men ajans sèvis adilt (ekzanp, DORS, DDA, ak BHA). Konsilte dyagram ki anba a.

ABILITE Pandan li enskri nan lekòl	Elijiblite (ADA & Seksyon 504) Apre li kite lekòl oubyen nan laj 21 ane
Lwa Edikasyon pou Endividé Andikape se yon lwa "abilite" ki vle garanti etidyan ki andikape yon edikasyon prime ak segondè apwopriye ki gratis.	Lwa pou Ameriken Andikape (ADA) priyorize aksè. Objektif Seksyon 504 ak ADA se pou retire barye epi garanti amenajman rezonab. Moun ki andikape vin sèl pwen kontak, se pa ni paran ni fanmi l.
<ul style="list-style-type: none"> Edikasyon publik apwopriye ki gratis (FAPE) Anviwònman ki Mwens Restriktif lan (LRE) Edikasyon ki Konsevwa Espesyalman (SDI) Sèvis ki Lye Preparasyon pou edikasyon fiti, anplwa, ak lavi endepandan Li gen dwa a sèvis ki pral ede etidyan rankontre siksè nan lekòl Yo aksede a sèvis yo atravè sistèm lekòl la 	<ul style="list-style-type: none"> Elijiblite pou sèvis pòs-segondè pa garanti Endividé dwe kalifye pou sèvis Sèvis depann de finansman ak disponiblite Sèvis pòs-segondè sèlman asire Endividé yo resevwa aksè egal Responsablite pou jwenn sèvis rete sou do endividé/paran/responsab Yo ka ofri sèvis SI gen ase estaf, kapasite nan etablisman an, ak/oubyen finansman pou ofri sèvis Defans pèsònèl nesesè pou resevwa amenajman

Laj Majorite

Laj Majorite se laj ki legalman defini kote yon moun vin konsidere kòm adilt, ak tout dwa ansanm ak responsabilite etap adilt la Lè yo itilize tem *laj majorite*, li jeneralman refere a moman yon jènn moun rive nan laj kote yo konsidere l yon adilt. Nan Maryland, laj la se 18. Omwen yon ane anvan li vin gen 18 ane, yon endividé dwe enfòme de dwa yo nan kad IDEA. Nan Maryland, priz desizyon edikatif pa otomatikman transfere bay etidyan ki andikape a nan laj majorite eksepte anba sikontans limite. (*Konsilte Atik Edikasyon §8-412.1, Kod Anote nan Maryland*)

Ajans Sèvis Adilt nan Eta Maryland

Seksyon swivan a dekri kat (4) ajans eta ki ka ofri sèvis oubyen sipò pou endividé elijib. Endividé yo dwe satisfè kritè elijiblite espesifik pou chak ajans. Yo ofri yon rezime bref sou kat ajans Eta ak kritè elijiblite yo.

Ajans Sèvis Adilt nan Eta Maryland: DORS

NON AJANS & DESKRIPSYON	ENFÒMASYON AJANS
<p>Divizyon Sèvis Reyabilitasyon (DORS)</p> <p>Kisa ajans sa a fè? Divizyon Sèvis Reyabilitasyon Maryland (DORS) konsantre I sou anplwa. Si w vle travay, DORS vle ede w! DORS ede etidyan lekòl segondè, etidyan inivèsite, ak etidyan nan lòt pwogram ki apwouve prepare pou travay. DORS ede tou moun ki andikape pou yo ka jwenn travay. Si w vle travay epi w gen yon andikap ki rann li difisil pou ou jwenn oubyen kenbe yon travay, DORS ka anmezi pou l ede w.</p> <p>DORS ofri de pwogram espesifik pou ede jèn ki gen andikap dokimante pou ede yo prepare pou travay.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis Tranzisyon Pre-Anplwa pou etidyan ki gen omwen 14 lane, nan omwen lekòl segondè, epi ki pa pi gran pase 21 lane. Pou plis enfòmasyon vizite: http://dors.maryland.gov/Brochures/Pre-ETS_Fact_Sheet.pdf. • Sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl pou etidyan lekòl segondè nan avandènye ane lekòl segondè ak jèn ki pa lekòl ki ka elijib pou sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl odela de Sèvis Tranzisyon Pre-Anplwa. Ou dwe aplike epi yo dwe jije w elijib pou sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl. Ka gen yon lis datant pou sèvis sa yo. <p>DORS gen konseye tranzisyon ki afekte pou chak lekòl segondè piblik nan Maryland epi travay espesifikman ak etidyan ki gen andikap konsiderab pou prepare yo pou travay. Konseye tranzisyon DORS yo travay ak etidyan ki elijib pandan de dènye ane lekòl pou alafwa ofri ak aranje sèvis (tankou konsèy karyè ak priz desizyon, teknoloji asistans, preparasyon pou travay, asistans edikasyon pòs-segondè, sèvis plasman travay, ak sèvis ankadreman pwofesyonèl) pou ede ak planifikasyon tranzisyon pou ede asire yon tranzisyon andouse soti lekòl pou ale nan edikasyon pòs-segondè oubyen anplwa</p> <p>Kilè pou w aplike: Asire w ou konekte ak sèvis etidyan DORS osito tankou premye ane w nan lekòl segondè epi aplike pou sèvis adisyonèl nan de dènye ane lekòl segondè w lan. Etidyan elijib ka mande Sèvis Tranzisyon Pre-Anplwa osito tankou lè yo 14 lane lè yo omwen nan lekòl segondè. Yo rekòmande pou etidyan aplike pou sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl atravè DORS nan oton nan avan dènye ane lekòl segondè yo. Si yo elijib, sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl ka rive disponib pou endividé a apre li pa konsidere kòm yon etidyan ankò. Travay ak etidyan pandan de dènye ane lekòl segondè yo bay konseye tranzisyon DORS tan sifilan pou ofri planifikasyon tranzisyon ak ede asire yon tranzisyon andouse soti lekòl pou ale nan edikasyon pòs-segondè oubyen travay.</p>	<p>Kiyès ki ka resevwa sèvis? Pou w ka elijib pou sèvis DORS, ou dwe gen andikap fizik oubyen mantal ki seryezman afekte kapasite w pou w travay, epi ou dwe bezwen sèvis reyabilitasyon anplwa pou w ka jwenn oubyen kenbe yon travay. Si w resevwa Revni Sekirite Siplementè (SSI) ak/oubyen Asirans Andikap atravè Sekirite Sosyal (SSDI), yo asime ou elijib pou sèvis DORS. Pou enfòmasyon adisyonèl konsènan elijiblite DORS ak pou kesyon seleksyon tanpri vizite:</p> <p>https://dors.maryland.gov/consumers/Pages/eligibility.aspx</p> <p>Kijan pou w kòmanse sèvis: Ou menm oubyen kélkeswa moun ki paret anba a ka rele biwo lokal DORS ou an oubyen ranpli yon fòmilè rekòmandasyon anliy sou sit wèb ajans la:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pèsonèl lekòl la ak konsantman paran, responsab. • Paran oubyen lòt manm fanmi. • Founisè sèvis. <p>http://www.dors.maryland.gov/consumers/Pages/referral.aspx</p>

Ajans Sèvis Adilt Eta Maryland: DDA

NON AJANS & DESKRIPSYON	ENFÒMASYON AJANS
Administrasyon Andikap Devlòpmantal (DDA) <p>Kisa ajans sa a fè? Administrasyon Andikap Devlòpmantal (DDA) ofri yon sistèm livrezon sèvis kowodone, pou pèmèt moun ki gen andikap devlòpmantal resevwa sèvis apwopriye ki oryante nan sans objektif entegrasyon total nan kominote yo a, sa enkli resevwa ak konseve anplwa konkiran syel ki entegre. Sistèm livrezon sèvis ki baze sou kominote DDA a enkli plizyè sèvis ak sipò adomisil ak ki baze nan kominote a ki ofri bay moun elijib, atravè swa yon Plan Medicaid Eta, Pwogram Ekzonerasyon oubyen atravè sèvis DDA Eta a finanse.</p> <p>Kilè pou w aplike: Ou ka aplike pou sèvis DDA nenpot lè epi a nenpot laj. Yo dwe jije ou elijib pou DDA pou w resevwa kèlkeswa sèvis DDA. Si w ap aplike pou sèvis TY, kontakte biwo reyjonal DDA k ap sèvi a lè w gen laj 14 ane. Ou ka mande pou asistans pou w aktyalize oubyen ranpli aplikasyon pou detèmine elijiblite w. Tout aplikasyon ekzonerasyon DDA dwe konplete anvan 30 jen nan ane elijiblite pou yo konsidere l pou finansman. Si dat tranzisyon an se apre 21yèm anivese a, moun lan pral elijib yon ane apre dat li te soti oubyen gradye nan lekòl segondè a. Aplikasyon ki soumèt pita pral antre nan yon lis datant. Aplikasyon yo disponib tou anliy nan www.dda.health.maryland.gov/Documents/dda_ea_application_updated.pdf.</p>	<p>Kiyès ki ka resevwa sèvis? Sèvis DDA finanse se pa yon dwa. Finansman pou sèvis Jèn kap fè Tranzisyon soti, an pati, nan men youn nan twa pwogram ekzonerasyon federal DDA yo. Chemen Kominote (Community Pathways), Sipò Familyal (Family Supports), oubyen Sipò Kominote (Community Supports). Ekzonerasyon pèmèt DDA pou l ofri sèvis espesifik atravè finansman nan men Sant Federal pou Sèvis Medicare ak Medicaid (CMS) Anplis, Inisyativ Jèn K ap Fè Tranzisyon Gouvènè a rezèv finansman nan bidje DDA pou etidyan elijib k ap kite lekòl. GTY se yon kolaborasyon atravè patenarya ant DDA ak Divizyon Sèvis Reyabilitasyon nan Maryland (DORS).</p> <p>Pou l elijib pou Inisyativ TY a, yo dwe jije yon moun kòm konplètman elijib paske li gen andikap devlòpmantal, sa ki baze sou kritè swivan yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Rezidan Maryland ● Elizib pou ekzonerasyon ● Gen 21 lane ● Gen yon andikap kwonik grav ki: <ul style="list-style-type: none"> ○ atribyab a yon defisyans fizik oubyen mantal olye yon sèl dyagnostik de maladi mantal. ○ Mennen a nesesite pou gen sèvis ki planifye endividyalman ak kowodone. ○ Mennen a bezwen pou sèvis ki gen chans pou yo kontinye nan fason endefini. ○ Rezulta yo te rive anvan laj 22 ane. ○ Mennen a enkapasite pou viv nan fason endependan. <p>Nòt: Yon sèl dyagnostik pou defisyans mantal pa vle di moun la otomatikman elijib</p> <p>Pou plis enfòmasyon, kontakte biwo reyjonal ou an:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Central Maryland (K ap sèvi Anne Arundel, Baltimore, Baltimore City, Harford, and Howard) 1401 Severn Street, Baltimore, MD 21230, 410-234-8200 ● Southern Maryland (K ap sèvi Calvert, Charles, Montgomery, Prince George's, and St. Mary's) 312 Marshall Avenue, Laurel, MD 20707, 301-362-5100 ● Western Maryland: (K ap sèvi Allegany, Carroll, Frederick, Garrett, and Washington) 1360 Marshall Street, Hagerstown, MD 21740, 301-362-5100 ● Eastern Shore: (K ap sèvi Caroline, Cecil, Dorchester, Kent, Queen Anne's, Somerset, Talbot, Wicomico, and Worcester) 926 Snowhill Road, Building 100, Salisbury, MD 21802 , 410-334-6920

Ajans Sèvis Adilt Eta Maryland: BHA

NON AJANS & DESKRIPSYON	ENFÒMASYON AJANS
<p>Administrasyon Sante Konpòtmantal (BHA)</p> <p>Kisa ajans sa a fè? BHA a fè pati Ministè Sante Maryland (MDH) ki sèvi moun ki gen maladi ak/oubyen pwoblèm mantal ak depandans alkol ak dwog. Atravè ajans lokal li yo, ki rele Administrasyon Konpòtmantal Lokal (LBHA) oubyen Ajans Sèvis Prensipal (CSA), BHA finanse ak administre pwogram, ki enkli men pa limite a: swen sikiyatrik ospitalize, tretman rezidansyel, swen anbilatwa woutin ak entansif, sèvis kriz, sèvis reyabilitasyon, sipò familyal, lojman asiste ak aplwa asiste pou moun ki gen maladi mantal. Kèk pwogram espesifikman pou jèn ki nan laj tranzisyon disponib nan kèk rejon.</p> <p>Kilè pou w aplike: BHA ofri kèk sèvis pou timoun (nesans jiska laj 16 ane) epi sèvis pou jèn ak adilt ki kòmanse nan laj 16 ane. Pou plis enfòmasyon, refere a: https://mmcp.health.maryland.gov/Pages/home.aspx.</p>	<p>Kiyès ki ka resevwa sèvis? Moun ki gen bezwen swen sante mantal ki elijib pou Medicaid. Nan kèk ka, moun ki gen bezwen sante mantal konsiderab ki pa elijib pou Medicaid pou rezon finansye ka toujou kalifye pou asistans.</p> <p>Kijan pou w aplike: Sonje si w déjà enskri nan Medicaid, ou pa bezwen enskri separeman pou sèvis sante mantal. Pou plis enfòmasyon, kontakt eBiWo Pwoteksyon Konsomate BHA la nan 410-402-8447 oubyen Administrasyon Konpòtmantal Lokal ou an (LBHA) oubyen Ajans Sèvis Prensipal (CSA). Ou ka jwenn yon lis ajans yo nan Asosyasyon Otorite Sante Konpòtmantal Maryland. www.marylandbehavioralhealth.org</p>

Ajans Sèvis Adilt Eta Maryland: Travay Maryland

NON AJANS & DESKRIPSYON	ENFÒMASYON AJANS
<p>Biwo Devlopman Mendèv ak Edikasyon Adilt, Ministè Travay Maryland</p> <p>Kisa ajans sa a fè? Biwo Devlopman Mendèv nan Divizyon Sèvis Jèn nan Ministè Travay Maryland la ofri pwogram ak sèvis pou ede jèn adilt atenn objektif edikatif ak travay. Atravè Konsèy lokal Sant Travay ak Envestisman Mendèv Ameriken nan Ministè Travay Maryland, Ministè Travay la ofri konsiltasyon karyè, fòmasyon, aksè a òdinatè, ak lòt sèvis sipò. Atravè finansman gras ak Lwa Inovasyon Mendèv ak Opòtinite (WIOA), Ministè Travay Maryland an kolaborasyon ak Sant Travay Ameriken ofri yon ansamn sèvis travay epi konekte kliayn ak fòmasyon ki lye ak traay epi opòtinite edikasyon. WIOA afime angajman Ministè a pou l ofri sèvi bon kalite pou jèn ak jèn adilt, sa kòmanse ak eksplorasyon ak oryantasyon pwofesyonèl, sipò kontini pou reyalizasyon ediktaif, opòtinite pou fòmasyon konpetans nan okipasyon ki gen demann, enskripsiyan nan edikasyon pòs-segondè, ak akizisyon kalifikasyon ki rekonet nan endistri nan yon chemen pwofesyonèl ki pral mennen ak travay.</p>	<p>Kiyès ki ka resevwa sèvis? Divizyon Sèvis Jèn lan sèvi jèn adilt, ki gen ou ki pa gen andikap, ki nan laj 14-24 ane. Sant Pwofesyonèl Entegre disponib pou moun kap chache travay ki gen nenpot ki laj avèk ou san andikap. Pou aprann plis sou eksplorasyon pwofesyonèl, fòmasyon, ak travay, vizite:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sit wèb Ministè Travay Maryland nan http://labor.maryland.gov/county/ oubyen rele Ministè Travay Maryland nan 410-767-2173 pou w jwenn yon Sant Travay Ameriken lokal, oubyen • Sit wèb Echanj Mendèv Maryland: https://mwejobs.maryland.gov/vosnet/Default.aspx.

Benefis

Medicaid ak Ekzonerasyon Medicaid

Ministè Sante Maryland (MDH) jere Medicaid oubyen Asistans Medikal (MA) Alafwa Medicaid ak pwogram ekzonerasyon Medicaid rete sous enpòtan pou kouveti sante, asistans siplemantè, swen alongtem, epi soutyen nan kay/ki baze nan kominate pou moun ki andikape.

Benefis	Enfòmasyon Benefis
Medicaid	<p>Kisa Medicaid fè?</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ofri asirans sante • Ofri finansman adisyonèl atravè Pwogram Ekzonerasyon Medicaid pou sèvis swen pèsonèl tankou: ijiyèn ak netwayaj pèsonèl, itilizasyon twalèt, manje, abiye, mobilite, swen medikal adomisil, ak aksè a randevou medikal. <p>Kiyès ki elijib pou Medicaid</p> <ul style="list-style-type: none"> • Jeneralman se endividé ki: <ul style="list-style-type: none"> ○ Andikape ○ Avèg ○ ap pran swen yon timoun kote paran I nan chomaj, malad, oubyen mouri, oubyen ○ satisfè ekzijans revni pwogram lan. • Elijiblite pou Medicaid nan Maryland detèmine atravè Depatman Sèvis Sosyal lokal • Pou plis enfòmasyon vizite: <ul style="list-style-type: none"> ○ https://mmcp.health.maryland.gov/Pages/Am%20I%20Eligible.aspx ● https://www.medicare.gov/manage-your-health/i-have-a-disability
Pwogram Ekzanpsyon Medicaid	<p>Sèvis adomisil ak ki baze nan kominate Medicaid Maryland ofri atravè pwogram Medicaid regilye ak pwogram Medicaid espesyal ki rele "ekzanpsyon" Yon ekzanpsyon mete akote ekzijans elijiblite paran yon timoun ki gen andikap epi sèlman gade revni timoun lan. Chak ekzanpsyon gen kritè elijiblite diferan epi chak sible yon popilasyon diferan, tankou adilt ki pi aje oubyen moun ki gen yon andikap espesifik.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis yo pa yon dwa. • Dwe yon rezidan Maryland pou aplike epi yo detèmine I elijib pou sèvis DDA. • De gwoup endividé elijib pou sèvis: <ul style="list-style-type: none"> ○ Sa ki gen andikap devlòpmantal ak: ○ Moun ki gen yon andikap kwonik, grav ki koze pa yon kondisyon fizik oubyen mantal, ki differan de yon sèl dyagnostik maladi mantal. • Vizite https://mmcp.health.maryland.gov/Pages/Am%20I%20Eligible.aspx. • Pou aprann plis sou pwogram ekzanpsyon Medicaid (sa enkli Premye Chwa Kominote, Opsyon Kominote, ak Asistans Medikal Pèsonèl) rele 410-767-1739, oubyen vizite http://medicaidwaiver.org/state/maryland.html. <p>Pou enfòmasyon sou Sèvis Adomisil ak ki Baze nan Kominote, vizite https://mmcp.health.maryland.gov/waiverprograms/Pages/Home.aspx.</p>

Kijan pou w aplike: Pou aplike pou Medicaid, rezidan Maryland vizite Depatman Sèvis sosyal nan konte oubyen vil yo a. La, yo pase entèvyou epi yo soumèt aplikasyon. Vizite <https://medicaid-help.org/Primary-Information> pou ed pou reponn kesyon, verifye elijiblite, ak asiste nan aplike pou Medicaid.

Benefis Administrasyon Sekirite Sosyal pou Moun Andikape

Pwogram Asirans Andikap atravè Sekirite Sosyal a ak Revni Sekirite Siplementè yo se pi gwo nan plizyè pwogram federal ki ofri asistans bay moun ki andikape. Menm si pwogram sa yo differan nan plizyè fason, toulède administre atravè Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) epi se sèlman moun ki andikape epi ki satisfè kritè medikal ki ka kalifye pou benefis nan kad pwogram yo . Vizite <https://www.disabilitysecrets.com/> pou enfomasyon adisyonèl ak asistans nan aplike pou benefis Sekirite Sosyal oubyen konteste yon desizyon sou defisyans.

Revni Sekirite Siplementè (SSI)

Kesyon	Repons sou Benefis Revni Sekirite Siplementè (SSI)
Kisa Revni Sekirite Siplementè (SSI) fè?	<p>Pwogram Revni Sekirite Siplementè a peye benefis bay adilt andikape ak timoun ki gen revni ak resous limite . SSI se yon pwogram federal pou revni siplementè ki finanse atravè revni (<i>se pa tax Sekirite Sosyal</i>):</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kreye pou ede moun ki aje, avèg ak andikape, ki gen revni ki fèb oubyen ki pa gen okenn revni • Ofri kash pou satisfè bezwen debaz yo pou manje, vetman, ak lojman • Ofri asistans medikal (Medicaid) pou benefisyè peye pou sejou nan lopital, fakti dokte, medikaman ki preskri, ak lòt depans sante. <p>Benefisyè SSI ka elijib tou pou asistans alimante</p>
Kiyès ki elijib pou Benefis SSI?	<ul style="list-style-type: none"> • Andikape, Avèg; oubyen Aje (65 ane ak pi plis): ki gen revni limite ak resous limite. • Revni ak richès fanmi timoun ki andikape pral konsidere nan detèmine elijiblite finansye. • Nan laj 18 lane, SSA konsidere sèlman revni ak richès endividé a, yo pa konsidere revni ak richès paran li yo. • Si yo te refize oparavan bay yon timoun SSI akoz de revni, reaplike pou benefis apre 18yèm anivese li lè yo pa pral konsidere revni paran l ankò pou defini elijiblite . • Endividé k ap resevwa Revni Sekirite Siplementè (SSI) vin otomatikman elijib pou resevwa Asistans Medikal.
Kijan pou w Aplike?	<ul style="list-style-type: none"> • Depoze yon Aplikasyon nan Depatman Sèvis Sosyal lokal nan vil oubyen konte kote w ap viv la. • Ranpli yon aplikasyon anliy nan https://www.ssa.gov/forms/. Chwazi Aplike pou Benefis Andikap. • Resevwa yon aplikasyon nan Depatman Sèvis Sosyal lokal ak Depatman Sante lokal ou an. Yo ka voye youn ba ou tou pa lapos lè w rele 1-800-456-8900.
E si yo refize aplikasyon mwen an?	<ul style="list-style-type: none"> • Si yo te resaman refize aplikasyon ou an, Kontestasyon Entènèt la se yon pwen depa pou w mande yon revizyon desizyon konsènan elijiblite w pou benefis andikap. • Si yo refize aplikasyon ou an akoz : <ul style="list-style-type: none"> ○ Rezon medikal, ou ka ranpli ak soumèt fòmilè obligatwa ki se Demann Kontestasyon ak Rapo Kontestasyon Andikap anliy. ○ Rezon ki pa medikal, ou ta dwe kontakte Biwo Sekirite Sosyal lokal ou a pou w mande revizyon an. Ou ka rele tou nimewo gratis 1-800-772-1213, pou w mande yon kontestasyon. Moun ki soud oubyen ki difikilte pou tandé ka rele nimewo TTY , 1-800-325-0778.

Asirans Andikap atravè Sekirite Sosyal

Kesyon	Repons sou Benefis Asirans Andikap atravè Sekirite Sosyal (SSDI)
Kisa Asirans Andikap atravè Sekirite Sosyal fè?	Asirans Andikap atravè Sekirite Sosyal peye benefis ba ou oubyen kèk mamm fanmi w si ou "asire," sa vle di ou te travay pandan yon tan sifilan epi w te peye taks Sekirite Sosyal .
Kiyès ki elijib pou Benefis SSDI?	Pou w kalifye pou SSDI, yon moun dwe gen mwens pase 65 ane epi gen yon andikap grav kalifye jan yo defini sa atravè Administrasyon Sekirite Sosyal la. <ul style="list-style-type: none">● Yon timoun ki pa marye ka elijib pou l'resevwa benefis sou istwa travay paran l'si:● Timoun lan gen mwens pase 18 ane, ki gen ou ki pa gen andikap; oubyen● Timoun lan gen 18-19 ane epi se yon etidyan a tan plen (pa pi wo pase 12yèm ane); oubyen● Timoun lan gen 18 ane oubyen pi gran ak yon andikap ki te kòmanse anvan laj 22 ane epi li satisfè definisyon andikap pou adilt.

Sèvis Edikasyon Pòs-segondè/Sipò pou Andikap

Li enpòtan pou etidyan yo konprann diferans ant Lwa Edikasyon pou Endividé Andikape (IDEA) ak Lwa pou Ameriken Andikape (ADA) epi Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon nan ane 1973 la, ak pwovizyon yo ofri bay etidyan. . Pandan w nan lekòl segondè, IDEA defini kijan pou yo ofri sipò edikatif atravè pwosesis IEP a. Lè yon etidyan antre nan inivèsite (edikasyon pòs-segondè), ADA ak Seksyon 504 garanti dwa endividé ki andikape a pou w l resevwa amenajman rezonab pou l ka reyisi nan edikasyon pòs-segondè.. Tablo ki anba a afiche diferans ant lekòl segondè ak inivèsite.

Zòn Sèvis	Pou Lekòl Segondè	Pou Inivèsite
Legal	<ul style="list-style-type: none"> Lwa Edikasyon pou Endividé Andikape (IDEA) bay etidyan andikape yo dwa a yon edikasyon gratis ak apwopriye. IDEA konsantre sou SIKSÈ. 	<ul style="list-style-type: none"> Lwa pou Ameriken Andikape ak Seksyon 504 garanti amenajman rezonab. ADA konsantre sou AKSÈ.
Dokimantasyon Obligatwa	<ul style="list-style-type: none"> Plan Edikasyon Pèsonalize (IEP) Dokimantasyon konsantre sou detèmine si yon etidyan elijib pou sèvis dapre kategori espesifik nan IDEA. 	<ul style="list-style-type: none"> IEP Lekòl segondè ka pa sifi. Etidyan ka oblige resevwa evalyasyon ak pwòp kob pa yo. Dokimantasyon dwe ofri enfòmasyon sou amenajman espesifik rezonab.
Defans	<ul style="list-style-type: none"> Paran yo enplike aktivman nan defann pou sèvis ak sipò apwopriye pou timoun yo. Lekòl yo kontakte paran yo epi patisipasyon yo nan pwosesis ekip IEP a obligatwa. Paran yo pale direkteman ak pwofesè timoun yo nan yon fason regilye. 	<ul style="list-style-type: none"> Yo atann etidyan yo pou yo reprezante pwòp tèt pa yo. Yo pa toujou aktivman chache enplikasyon paran an epi pafwa yo ka dekoraje sa. Pwofesè ak estaf inivèsite pa tipikman kominike ak paran direkteman san konsantman etidyan an.
Pwogram ak Sipò Edikasyon Pèsonalize	<ul style="list-style-type: none"> Ekip IEP a, ki enkli etidyan, paran ak distri lekòl la, devlope Pwogram Edikasyon Pèsonalize epi yo dwe swiv dokiman legal sa a pou sèvis. Paran gen aksè ak dosye etidyan epi ka patisipe nan pwosesis amenajman an. 	<ul style="list-style-type: none"> Pa gen IEPs nan inivèsite. Biwo Sèvis Andikap la pral devlope yon plan amenajman ki baze sou dokimantasyon andikap ki ofri atravè etidyan an. Etidyan an dwe mande amenajman nan men Biwo Sèvis Andikap la chak semes. Paran pa gen aksè ak dosye etidyan san konsantman alekri etidyan an.

Li enpòtan pou etidyan yo konnen dwa ak responsabilite yo, paske IDEA pa aplike nan fakilte, ekol komes, oubyen inivèsite. Tablo sou Amenajman Edikasyon Pòs-segondè nan Apandis A nan gid sa a prezante kèk kesyon komen sou amenajman ak Sèvis Andikap nan Enstitusyon Edikasyon Pòs-segondè.

Transpò, Mobilite, ak Enstriksyon Vwayaj

Li enpòtan pou etidyan ak fanmi yo planife sou kijan yo pral vwayaje nan anviwònman apre lekòl la, tankou inivèsite oubyen travay. Pandan yo lekòl, etidyan yo ka konte sou transpò eskole, manm fanmi oubyen zanmi pou transpòte yo. Menm sipò mobilite sa yo ka pa disponib pou etidyan yo lè yo kite lekòl la. Li enpòtan pou etidyan yo aprann sou vwayaj ak transpò nan fason endepandan pandan yo toujou lekòl, konsa lè yo kite, yo gen konesans ak konpetans pou yo ka ale kote yo bezwen ale a.

Nan planifikasyon tranzisyon, ekip la ka travay kolaborativman ak fanmi ak etidyan pou:

- Evalye mobilite etidyan an ak kapasite fonksyonel pou l vwayaje nan fason endepandan;
- Evalye kapasite koyitif etidyan an pou l pran desizyon, rezoud pwoblèm, epi konprann nom sosyal ki ka nesèsè pandan y ap vwayaje nan fason endepandan.
- Pwogramme vizit nan ajans transpò lokal kote etidyan ka aprann konsènan opsyon transpò kominote:
- Envite pwofesyonèl transpò vin vizite ak etidyan yo pou pale de sèvis yo.
- Ekzamine tip sèvis transpò ki ka disponib nan kominote yo an atravè akitivite ki konsantre sou etidyan
- Aprann konsènan opsyon mobilite atravè organizayon planifikasyon transpò lokal ak ajans transpò:
- Idantifye entriksyon vwayaj ak pwogram fòmasyon vwayaj pou anseye etidyan yo kijan pou yo itilize transpò piblik; ak;
- Panse ak opsyon transpò ki plis enklizif pou etidyan yo.

Transpò ofri aksè ak opòtinite tankou travay, edikasyon, swen sante, ak rekreyasyon. Endividé andikape ki pa kondwi oubyen gen yon veykil disponib pou yo dwe konsidere opsyon mobilite altenatif. Sèvis transpò varye atravè Eta a. Pou kèk etidyan ki elijib, sèvis transpò kominote, ka mod vwayaj ki pi apwopriye a. Nan Maryland, Pwogram Lyen Mobilite Otorite Transpò Maryland lan ofri sèvis tranpso pot-a-pot pou etidyan ki pase nan yon pwosesis evalyasyon pou detèmine elijiblite. MobilityLink, ki espesyalman kreye pou endividé andikape, se yon ekzijans nan Lwa pou Ameriken Andikape (ADA) epi ekzije notifikasiyon preyalab ak pwogramasyon. Sepandan, pou anpil etidyan, opsyon transpò kominote enklizif ki pèmèt etidyan yo vwayaje nan fason espontane rete sèvis ki pi apwopriye a. Pwofesyonèl tranzisyon, fanmi, ak jèn yo pèsonèlman ka travay ansanm ak pwofesyonèl transpò pou detèmine sèvis mobilite ki aliye ak bezwen ak kapasite etidyan an.

Resous Transpò

- Depatman transpò eta ak administrasyon transpò rete resous enpòtan pou idantifye founisè transpò lokal.
 - Administrasyon Transpò Maryland (MTA)
 - Maryland ofri pwogram tarif gratis oubyen redwi pou endividé andikape oubyen adilt aje pou pèmèt yo itilize transpò kominote. Pou aprann sou pwogram sa yo, vizite pwogram tarif redwi Maryland MTA a. <https://mta.maryland.gov/disabled-reduced-fare-program>
- Kèk etidyan ka bezwen sipò konsiderab pou vwayaje epi ka pa kapab vwayaje endepandan lè y ap itilize yon bis piblik oubyen tren (Sistèm wout fiks MTA a) Aprann sou ekzijans elijiblite pou Pwogram MTA MobilityLink (Transpò kominote) ki rele MobilityLink:
<https://mta.maryland.gov/mobility>.
- Sèvis taksi ka apwopriye pou kèk etidyan epi yo ka mennen jèn yo nan zòn kote bis ak tren pa ale.
 - Sèvis Taksi Maryland : <http://mdod.maryland.gov/transport/Pages/Taxi-Services.aspx>
- Resous federal ka ofri enfòmasyon sou pwogram nasyonal oubyen lokal.

- Ministè Travay Ameriken, Biwo Potay Transpò Politik Anplwa Andikap. Souliye resous transpò, ak responsabilite founisè nan kad Lwa pou Ameriken Andikape.
<https://www.dol.gov/odep/topics/Transportation.htm>
- Ministè Transpò Etazini, Administrasyon Transpò Federal. Kèk ajans federal ka sipòtè sèvis ak depans. Aprann sou yon efò federal pou kowodone resous yo atravè Konsèy pou Kowodone sou Aksè ak Mobilite (CCAM). <https://www.transit.dot.gov/ccam>

Enstriksyon Vwayaj

Enstriksyon vwayaj rete konplè, enstriksyon entansif ki kreye pou aprann etidyan andikape kijan pou yo itilize transpò publik ak sekirite epi endepandans. Enstriksyon vwayaj se pwosesis aprantisaj kijan pou l itilize transpò publik lokal la nan objektif pou ogmante mobilite, libete ak opòtinite pou etidyan andikape. Etidyan andikape dwe konnen ki sistèm transpò ki disponib, kijan pou aksede yo, kijan pou yo planifye vwayaj yo epi konnen kisa pou yo fè nan sityasyon enprevi oubyen ijans. Yo dwe ofri enstriksyon vwayaj atravè enstrikte ki fome ki ka ofri yon ansanm enstriksyon nan sal klas (familyarite vwayaj), epi tou nan anviwònman kominote otantik (fòmasyon sou vwayaj) Fòmasyon sou vwayaj pote endepandans ogmante, konfyans, ak kapasite pou viv, aprann, travay, ak jwe nan kominote yo. Pfofesyonèl tranzisyon ka travay ansanm ak fomate vwayaj pou ofri enstriksyon vwayaj ki enkli:

- Oryantasyon Vwayaj: Aktivite endividuel oubyen angwoup ki reyalize nan objektif pou eksplike sistèm transpò a.
- Familyarizasyon ak vwayaj: Aktivite endividuel oubyen angwoup pou facilite itilizasyon sistèm transpò ak yon fòmatè vwayaj ki akonpaye etidyan nan yon nouvo mòd transpò oubyen wout pou montre/eksplike karakteristik aksè ak operabilite.
- Fòmasyon sou Vwayaj: Enstriksyon pèsonalize, konplè, ki espesyalman kreye nan konpetans ak konpotman ki nesesè pou vwayaj endepandan nan transpò publik. Fòmasyon sou vwayaj reyalize nan kominote ak anviwònman otantik. <https://www.travelinstruction.org/>

Resous Enstriksyon Vwayaj

- Asosyasyon Enstriksyon Vwayaj (ATI) Organizasyon adezyon nasional sa a gen misyon swivan sa a: Pou defann dwa tout moun andikape ak adilt aje pou gen aksè egal a transpò publik ak patisipasyon kominote lè li ofri sipò, enfòmasyon, fòmasyon ak edikasyon pou pwomouvwa enstriksyon Vwayaj bon kalite.<https://www.travelinstruction.org/>
- Sant Nasional Transpò Moun Aje ak Andikape (NADTC) Sant nasional asistans teknik ki finanse atravè Ministè Transpò Etazini, Administrasyon Transpò Federal ki pwomouvwa disponiblite ak aksesibilite opsyon transpò pou adilt aje, moun andikape, swayan, ak kominote. NADTC gen plizyè resous konsènan enstriksyon vwayaj. www.nadtc.org



Resous pou Identifye Sèvis Transpò ak Mobilite

- Sant Pou Egalite nan Mobilite. MDTrip. Potay wèb ak organizasyon sa a travay nan fason rapwoche ak plizyè founisè sèvis atravè Maryland pou l ofri itilizate nou yo yon varyete opsyon transpò sou yon sèl sit wèb ki fasil pou itilize. Misyon li se pou ede moun eksplor ak itliize transpò altenatif pou aksede a destinasyon atravè Maryland. MDTrip ofri enstriksyon vwayaj tou.
<https://www.mdtrip.org/>
- Sant Nasional Pou Jesyon Mobilite. Sant Nasional Asistans Teknik finanse atravè Ministè Transpò Etazini, Administrasyon Transpò Federal ki pwomouvwa estrateji mobilite ki santre sou kliyan, ki ankouraje bon sante, vitalite ekonomik, endepandans, ak kominate. NCMM enkli lyen pou resous transpò lokal ak rezo pwofesyonèl, ki rele administratè mobilite, ki byen enfòme sou resous transpò. www.nc4mm.org

Resous Swen Sante

Aksè a swen sante rete yon konsiderasyon enpòtan pou etidyan k ap soti nan sistèm lekòl la. Pandan jèn lan ap fè tranzisyon soti nan lekòl segondè pou ale nan lavi adilt, li enpòtan pou l kenbe yon mod lavi ki sen pou l reyisi objektif pòs-segondè li yo. Sa ka enkli jere swen sante ak medikaman yo, kominike ak pwofesyonèl swen sante yo, epi konprann opsyon asirans sante. Endividé andikape ka we pedyat jiskaske yo rive nan laj 21 ane, men gen yon moman done, li vital pou fè tranzisyon soti nan pedyat pou ale nan yon dokte ki espesyalize nan adilt. Lyen swivan yo ofri enfòmasyon sou swen sante ak tranzisyon a sante adilt pou endividé andikape.

- Biwo Jenetik ak Moun ak Lokalizate Resous Bezwè Espesyal :
<https://phpa.health.maryland.gov/genetics/Pages/home.aspx>
- Sant Nasional Pou Ekzekisyon Medikal Adomisil
<https://medicalhomeinfo.aap.org/Pages/default.aspx>
- Tranzisyon Swen Sante Jèn ale nan Adilt:
https://phpa.health.maryland.gov/genetics/Pages/Health_Care_Transition.aspx
- Nan Tranzisyon: <http://www.gottransition.org/>

Resous Aksè Kominote

Rekreyasyon ak Lwazi

- Lyen Aprantisaj Maryland (**Maryland Learning Links**) ofri yon rezo konplè ki gen resous ki lye ak pwogram rekreyasyon ak lwazi, menm jan ak aktivite divetisman atravè Maryland .
<https://marylandlearninglinks.org>
- Aksè pou Tout Moun: Ministè Resous Naturel Maryland (**Maryland Department of Natural Resources, DNR**) ap travay l pou l asire resous naturel meveye eta a rete aksesib pou tout sitwayen ak vizite. Soti nan konsep ale nan elaborasyon rive nan konstriksyon ak ekzekisyon, tan ak atansyon te investi nan zòn kanpin, kabin, ponton lapech ak kanotaj, sant vizite, santye, ak lòt amenajman divetisman anplenne pou rann li posib pou moun andikape jwi de bel aktivite eksten Maryland yo. DNR lan ap travay sanses pou ogmante aksesiblite pou enkli moun andikape. <http://dnr.maryland.gov/Publiclands/Pages/accessforall.aspx>

Resous Lavi Kominote

- Sant Pou Lavi Endepandan ofri sèvis pou ede abilite moun andikape pou menn lavi ki otonòm, endepandan ak pwodiktif nan kominote a. <http://www.msilc.org/map.html>
- Aksè Sèvis ak Lyen Enfòmasyon (SAIL): Zouti aplikasyon evalyasyon ki baze sou Entenet ki pral pèmèt moun Maryland aplike, renouvre, oubyen aprann sou sèvis sosyal Eta Maryland lan ofri. <https://mydhrbenefits.dhr.state.md.us/dashboardClient/#/home>
- Liv Wouj Administrasyon Sekirite Sosyal: Yon sous referans rapid sou pwovizyon ki lye ak travay pou pwogram benefis Asirans Andikap atravè Sekirite Sosyal (SSDI) ak Revni Sekirite Siplementè (SSI). <https://www.ssa.gov/redbook/eng/main.htm>
- Premye Apel pou Ed: Resevwa rekòmandasyon gratis ak konfidansyel pou sèvis sante ak imen nan Maryland lè w kontakte 410-685-0525 nan zòn metropolis Baltimore oubyen (800) 492-0618 andeyo Baltimore. <https://211md.org/>

Sipò ak Sèvis Adomisil

- **Pwogram Premye Chwa Kominote** ofri sèvis kominote ak sipò pou pèmèt adilt aje ak endividé andikape viv nan pwòp kay yo. Kèk sipò enkli: sèvis asistans pèsònèl, sistèm repos ijans pèsònèl, teknoloji asistans, adaptasyon aksesiblité, fòmasyon konsomate ak manje ki delivre adomisil. Endividé yo dwe satisfè yon nivo swen enstitisyonal epi elijib finansyèman pou Medicaid kominote. Pou plis enfòmasyon, kontakte Sèvis Swen LongTem ak Ekzonerasyon Medicaid la nan: 410-767-1739 oubyen 1-877-463-3464 oubyen pou Sèvis Rele MD 1-800- 735-2258. Vizite Ministè Sante Maryland lan pou plis enfòmasyon.
- **Pwogram Swen Pèsònèl Maryland lan (Maryland Personal Care, MAPC)** ofri swen pèsònèl adomisil, planifikasyon sipò ak sèvis siveyans enfimye bay endividé andikape oubyen ki gen kondisyon medikal kwonik ki kalifye pou Medicaid. Yo ka ofri sèvis yo nan espas travay la. Pwogram sa a administre atravè depatman sante lokal yo. Pou plis enfòmasyon, kontakte depatman sante lokal ou an oubyen Ministè Sante Maryland nan: 410-767-1739 oubyen 1-877-463-3464 oubyen pou Sèvis Rele MD 1-800- 735-2258.
- **Ekzonerasyon Chemen Kominote** administre atravè Administrasyon Andikap Devlòpmantal (DDA) sou direksyon Ministè Sante Maryland (DMH). Ekzanpsyon an ofri yon gwo ansanm sèvis pou endividé elijib ki gen defisyans entelektyel oubyen devlòpmantal, sa ki ofri atravè ajans founisè otorize oubyen founisè endepandan nan kad sèvis otonòm. Gen yon lis datant pou resevwa sèvis epi disponiblité finansman depann de nesesite. Pou plis enfomasyn oubyen pou w aplike pou lis datant lan, kontakte [syej sosyal DDA](#) at <https://dda.health.maryland.gov/Pages/home.aspx> sou sou telefòn nan 410-767-5600. Pou w jwenn kontak enfòmasyon pou biwo rejonal DDA, vizite <https://dda.health.maryland.gov/Pages/Regional%20Offices.aspx>.
- Pwogram Sèvis Sipò ak Entansite Ba administre atravè Administrasyon Andikap Devlòpmantal (DDA) sou direksyon Depatman Sante Maryland epi epi bay kandida ki elijib pou sibvansyon jiska 2,000 dola pou sèvis sipò pou moun andikape a ak fanmi l. DDA distribye finansman LISS de fwa pandan ane fiskal la nan de etap (1-31 Jiye ak 1-31 Janvye). Yo distribye finansman LISS nan yon baz seleksyon aleyatwa ak ekzijans elijiblité. LISS ofri finansman pou plizyè sèvis sipò endividé ak sèvis sipò familyal pou enkli: swen pèsònèl ak swen oksilye, swen repi, ak lòt sèvis pou maksimise endependans, pwodiktivite, ak integrasyon nan kominote a. Gen aktyèlman kat ajans LISS atravè eta a ki responsab pou trete aplikasyon. Pou plis enfòmasyon, vizite <https://dda.health.maryland.gov/Pages/liss.aspx>.



Resous Lojman

- Baz Done Rechèch Lojman nan **Maryland**: Ministè Lojman ak Developman Kominate Maryland gen yon baz done kote ou ka chache lojman abodab. <http://www.mdhousingsearch.org/>
- Rechèch Apatman Abodab nan Maryland: Baz Done a jere atravè Ministè Lojman ak Developman Iben Etazini ki gen apatman ki resevwa finansman nan men HUD pou ofri sibvansyon bay lokatè a revni fèb. <http://www.hud.gov/apps/section8/step2.cfm?state=MD>
- GoSection8.com: Baz done lojman disponib pou moun k ap resevwa koupon Seksyon 8 .
<http://www.gosection8.com/>

Pwogram Sibvansyon Lwaye

- Maryland gen pwogram pou ede moun ki gen revni ba pou peye pou lojman lokatif nan kominate yo. Sepandan, lis datant yo long, donk li preferab pou aplike pi vit posib.
- Ministè Andikap Maryland (MDOD) ede administre de (2) pwogram pou moun andikape ki gen revni ki ba.
 - [Inisyativ Harry & Jeanette Weinberg pou Opòtinité Lojman Lokatif Abodab pou Moun Andikape](#)
 - [Pwoje Seksyon 811 Asistans Lwaye pou Moun Andikape](#)

Moun ki andikape ak sa ki pa andikape ka aplike tou pou lojman piblik oubyen asistans lojman atravè pwogram Koupon Chwa Lojman (Seksyon 8). Kontakte [Ajans Lojman Piblik](#) konte ou an pou w dekouvri ki asistans ki disponib nan zòn ou an. Nòt: Pou rezidan nan konte Eastern Shore, Garrett, Allegany, ak Frederick, kontakte <https://www.hud.gov/states/maryland/renting/hawebssites>, ki sèvi Ajans Lojman Piblik zòn ou an.

Titèl ak Altènativ

Tout endividé ki gen 18 ane daj ak pi gran gen dwa pou pran desizyon konsènan lavi l. Sepandan, kèk endividé ka bezwen asistans nan pran desizyon vital sa yo. Titèl ak pwokirasyon dirab ofri de altènativ posib pou asire afè yon endividé andikape jere nan fason awopriye. Gen diferans konsiderab ant de opsyon yo. Pou plis enfòmasyon, tanpri konsilte manyèl la: Titèl ak Altènativ. <http://www.disabilityrightsmd.org/wp-content/uploads/2011/12/Guardianship-Handbook-2011.pdf>

Planifikasyon Finansye/Fidisi Bezwen Espesyal/Planifikasyon Siksesoral

Planifikasyon finansye se kapasite pou w konprann kijan lajan fonksyone nan mond lan: kijan yon moun fè pou l genyen l oubyen fè l, kijan yon moun administre l, kijan yo ka fè l vini plis epi kijan moun lan fè don ak li pou ede lòt moun. Pi espesifikasi, li refere ak yon ansanm konpetans ki pèmèt yon endividé pran desizyon enfòme ak efikas sou finans yo. Yo rekòmande pou w konsilte yon planifikate finansye ak konpetans inik pou endividé andikape. Planifikasyon pou pwoch ou ka yon travay kolosal pou kèlkeswa fanmi, espesyalman moun ki gen pwoch yo ki andikape Moun andikape ap viv vi ki pi long ak pi satisfèzan jodi a plis pase avan. Pou rezon sa a, li enpòtan pou paran ak/oubyen responsab prepare yon plan finansye pou yo depi yo pa anmezi pou jere pwòp swen yo. Yon zouti finansye anpil moun itilize pou planifye estil swen fiti sa rele yon fidisi. A trust Yon fidisi se yon aranjman legal kote yon pati kenbe pwopriete pou benefis finansye yon lòt pati. Nan lòt mo, ou ka panse de li kòm yon tip zòn konsèvason, kote yon sedan, pati ki kreye fidisi a, pral konseve riches yo anvan yo distribye yo bay benefisye deziye yo. Sedan yon fidisi

ka paran, granparan, responsab legal oubyen tribunal la. Anplis, gen plizyè tip fidisi ki ka itilize pou diferan sikonstans familyal.

Fidisi Bezwè Espesyal se yon tip fidisi konplèks, ki itilize pa anpil fanmi pou ofri estabilite finansye bay pwoch ki andikape ak ki gen bezwen espesyal. Fidisi sa yo prensipalman gen objektif prezeve elijiblite yon fanmi pou ed gouvenman pandan li pèmèt yo kenbe yon nivo lavi ki pi wo pase sa ki tap posib ak ed gouvenman an sèlman.

Kòm yon pati nan Planifikasyon Fiti, ki refere a prevwa yon fiti dezire pou tèt ou, yon manm fanmi w, oubyen yon zanmi, epi idantifye tip sèvis ak sipò ki nesesè, planifikasyon siksesoral se youn nan aspè ki refere a pwosesis planifikasyon kijan ou vle transfere lajan oubyen richès bay lòt moun pandan w vivan oubyen lè w mouri. Pwosesis sa ekzije preparasyon atantif epi moun ki solide ak byen enfòme pou ede w nan plan w lan ak ekzekite dokiman kòrèk yo. Gen gid ki sèvi kòm resous itil pandan manm fanmi ap konsidere opsyon epi kòmanse pwosesis planifikasyon an.

Vizite sit wèb ki pi ba yo pou w we ekzanp gid ak manyèl sou planifikasyon fiti ak planifikasyon siksesoral:

- [\(Yon Gid Planifikasyon Fiti ak Planifikasyon Siksesoral pou Fanmi ki Gen Timoun ak Adilt Ki Gen Andikap Devlopmantal\)](#)
- [Planifikasyon Fiti](#)
- [Lè Timoun ou an Vin Gen 18 an: Yon Gid Pou Titèl Bezwè Espesyal](#)
- [Kont Able](#)
- [Pwogram ABLE Maryland](#)
- [Sant Resous Nasional ABLE](#)
- [Planifikasyon Finansye Pou Swen Bezwè Espesyal: Fidisi Bezwè Espesyal\)](#)

Konklizyon

Planifikasyon pou tranzisyon se yon pati entegral nan traje yon etidyan soti nan lekòl pou w rive nan laj adilt. Kite yon anviwònman lekòl ki te konstan pandan plis pase 12 ane epi antre nan yon mond enkoni nan etap adilt la ka enkyetan pou etidyan ak fanmi yo. Planifikasyon detaye nan tranzisyon pou antre nan mond adilt la ede diminye laperez sa yo atravè travay ekip ansanm ak etidyan, estaf lekòl, fanmi, ak kominate a.

Li pa janm two bonè pou w kòmanse planifikasyon sou kijan lavi pral dewoule pou etidyan lè yo antre nan mond adilt la. Gid sa a gen objektif pou l sèvi kòm yon resous pou fanmi ak pwofesyonèl ki ap asiste etidyan yo pandan y ap fè tranzisyon soti nan lekòl segondè pou ale nan karyè, edikasyon pòs-segondè, ak lavi kominate. Li gen pou objektif pou l reprezante yon pwen depa ak yon zouti planifikasyon pou itilize ansanm ak ekip IEP a pou planifye epi akeri sipò ak sèvis nesesè ki pral pèmèt yon tranzisyon andouse ak entegre.

Apandis A

Kalandriye Tranzisyon - Pou Etidyan k ap Kite Sistèm Lekòl la nan Laj 21 Ane epi ki Elijib pou Sèvis DDA

Laj/Kalandriye	Aktivite Kalandriye Tranzisyon pou Etidyan k ap Kite Sistèm Lekòl la nan Laj 21 ane epi ki Elijib pou Sèvis DDA
Laj 14/15 (oubyen pi jèn si sa awopriye)	<ul style="list-style-type: none"> Kòmanse idantifye kapasite, fos, ak defi. Aprann sou kesyon andikap ak kijan li afekte aprantisaj ak lòt aktivite lavi. https://www.youthhood.org/hangout/km_disability.asp Kòmanse defann pwòp tèt ou. Vini epi patisipe nan rankont IEP yo. https://marylandlearninglinks.org/ Kòmanse patisipe nan evalyasyon tranzisyon anyèl (espesifikman envantè enterè karyè, entèvyou etidyan). http://nsttac.org/content/age-appropriate-transition-assessment-toolkit-3rd-edition Kòmanse idantifye enterè karyè ak objektif pòs-segondè. Aprann kijan yo ofri sipò tranzisyon anndan distri lekòl la. Idantifye anplwaye tranzisyon. Devlope plan tranzisyon inisyal la nan rankont IEP anyèl la. Plan tranzisyon an devlope nan ane IEP kote timoun lan vin gen 14 ane daj epi yo aktyalize l anyèlman. http://www.mdtransitions.org/ Aplike nan Administrasyon Andikap Devlopmantal (DDA). https://dda.health.maryland.gov/pages/Home.aspx Si yo enskri nan lekòl segondè, fè rechèch <u>Sèvis Tranzisyon Pre-Anplwa</u> (Pre-ETS) atravè Divizyon Sèvis Reyabilitasyon (DORS). Bay konsantman alekri pou lekòl la pataje enfòmasyon edikatif ak DDA oubyen DORS si etidyan an ak fanmi an enterèse nan aplike pou sèvis. Kòmanse patisipe nan fwa ak atelye tranzisyon kominote. Kreye yon fichye adomisil pou planifikasyon tranzisyon. Eksplore ak patisipe nan opòtinite enstriksyon ki baze sou kominote ki ofri atravè lekòl ou an.
Laj 16/17	<ul style="list-style-type: none"> Eksplore ak patisipe nan opòtinite fòmasyon travay ki ofri atravè distri lekòl ou a. Pran kat Idantifikasiyon Eta Maryland nan Administrasyon Veyikil Motorize. http://www.mva.maryland.gov/Driver-Services/apply/id-card.htm Konsidere fòmasyon pou vwayaj. Itilize transpò publik pou vwayaje nan kominote ou an. https://www.mobilityequity.org/travel-training Soumèt yon Fòmilè Aplikasyon Mobilite pou sèvis mobilite/kominote. http://mta.maryland.gov/mobility Konsidere pran yon lisans chofè. http://www.mva.maryland.gov/drivers/apply/apply.htm http://dors.maryland.gov/consumers/WTC/Documents/Driving.pdf Kreye rezo sosyal. Etabli koneksyon ak zanmi pou rekreyasyon ak evènman sosyal ki ka kontinye apre w fin kite lekòl.
Laj 17/18	<ul style="list-style-type: none"> Kreye yon rezo sipò. Devlope yon lis moun ou ka kontakte pou ede w. Kreye koneksyon swen sante. Devlope yon plan pou w chanje soti nan sistèm sante pedyat pou ale nan adilt.

Laj/Kalandriye	Aktivite Kalandriye Tranzisyon pou Etidyan k ap Kite Sistèm Lekòl la nan Laj 21 ane epi ki Elijib pou Sèvis DDA
	<ul style="list-style-type: none"> Konsidere konsilte yon avoka konsènan planifikasyon bezwen fiti. Ankete sou nesesite pou yon pwokirasyon oubyen titèl. Manyèl ki sijere: Titèl ak Altènativ. https://aging.maryland.gov/Pages/default.aspx Kontakte Biwo Rejyonal DDA a pou w verifye estati elijiblite ak kategori priorite. Ou ka jwenn enfòmasyon kontak pou Biwo Rejyonal DDA a nan: https://dda.health.maryland.gov/Pages/coordination%20of%20community%20services.aspx Eksploré ak chwazi yon Founisè Kowodinasyon Sèvis Kominote. Pou w jwenn aktyèl Founisè Kowodinasyon Sèvis Kominote nan rejyon ou an, vizite: https://dda.health.maryland.gov/Pages/coordination%20of%20community%20services.aspx Eksploré opsyon teknoloji asistans (si apwopriye) lè w kite sistèm lekòl la.
Laj 18	<ul style="list-style-type: none"> Eksploré opòtinite anplwa asiste ak aprantisaj ki baze sou travay ki ofri atravè distri lekòl ou an. Patisipe nan fwa ak atelye tranzisyon kominate. Aplike pou Revni Sekirite Siplemantè (SSI). http://ssa.gov Aplike pou Asistans Medikal. https://mmcp.health.maryland.gov/Pages/Am%20I%20Eligible.aspx Konsidere konsèy ak planifikasyon pou benefis. mdtransitions.org/benefits-counselors, mdbenefitscounseling.org/ Kòmanse planifikasyon finansye ak fiti. Si w poko ranpli l, chwazi yon Founisè Kowodinasyon Sèvis Kominote (CCS). Rankontre ak Kowòdonatè Sèvis Kominote ou an (CCS) pou devlope yon plan pou fiti. Enskri nan Sèvis Selektif (si se gason). http://www.sss.gov Enskri pou w vote. Eksploré opsyon aranjman lavi. (Endepandan, konpayon chanm, viv angwoup etc) Eksploré lojman sibvansyone nan kominate ou an. https://www.hud.gov/states/maryland/renting/hawebsites
Laj 19-20 (ane anvan w soti an)	<ul style="list-style-type: none"> Kontakte Administrasyon Andikap Devlòpmantal (DDA) pou estati elijiblite is yo poko detèmine sa. Aplike nan Divizyon Sèvis Reyabilitasyon (DORS) nan oton anvan ane w ap soti a. https://dors.maryland.gov/Pages/default.aspx Konsidere yon Evalyasyon Pwofesyonèl atravè Divizyon Sèvis Reyabilitasyon (DORS). Kòmanse vizite founisè sèvis adilt kominate . https://dda.health.maryland.gov/Pages/Self-Determination.aspx Vizite Sèvis Otonòm si w ta renmen konnen sou sèvis otonòm. https://dda.health.maryland.gov/Pages/sdforms.aspx Si w ap chwai Sèvis Otonòm, chwazi yon entemedye sipò ak yon sèvis jesyon fiskal. Eksploré opsyon edikasyon pòs-segondè ak fòmasyon. Eksploré swen sante mantal pou adilt si nesesè.
Laj 20-21 (Oktòb/ Novanm nan dènye ane)	<ul style="list-style-type: none"> Aplike pou plizyè founisè ki pi byen satisfè bezwen w. Finalize seleksyon yon founisè adilt. Envite founisè adilt nan rankont soti IEP.

Laj/Kalandriye	Aktivite Kalandriye Tranzisyon pou Etidyan k ap Kite Sistèm Lekòl la nan Laj 21 ane epi ki Elijib pou Sèvis DDA
	<ul style="list-style-type: none"> Travay ak kowòdonatè sèvis resous ou an ak founisè adilt pou devlope yon plan finansman sèvis ki pral soumèt bay Administrasyon Andikap Devlòpmantal (DDA). Si w ap chwazi Sèvis Otonòm, kòmanse ekri yon plan otonòm ak entemedye sipò ou a. Devlope yon plan kontenjans nan ka kote finansman nan men Administrasyon Andikap Devlòpmantal la (DDA) pa imedyatman disponib. Eksplor opsyon transpò (espesifikman, kijan pou w al travay ak deplase nan kominate a, etc)
Laj 20/21 (prentan dènye ane a)	<ul style="list-style-type: none"> Travay ak anplwaye tranzisyon lekòl la, founisè adilt la ak Kowòdonatè Resous Kominote pou kreye yon tranzisyon entegre soti nan sistèm lekòl la pou ale nan sistèm livrezon sèvis adilt la.

Kalandriye Tranzisyon - Pou Etidyan K ap Gradye nan Laj 18 ane

Laj/Kalandriye	Aktivite Kalandriye Tranzisyon pou Etidyan k ap Gradye nan laj 18 ane
Laj 13/14 (dènye ane nan lekòl entemedye)	<ul style="list-style-type: none"> Kòmanse idantifye kapasite, fos, ak defi. Aprann sou kesyon andikap ak kijan li afekte aprantisaj ak lòt aktivite lavi. https://www.youthhood.org/hangout/km_disability.asp Pratike konpetans defans pèsonèl. Vini epi patisipe nan rankont IEP yo. www.marylandlearninglinks.org Kòmanse patisipe nan evalyasyon tranzisyon anyèl (espesifikman envantè enterè karyè, entèvyou etidyan). https://transitionta.org/toolkitassessment Kòmanse idantifye enterè karyè ak objektif pòs-segondè. Aprann kijan sipò tranzisyon ofri anndan distri lekòl la. Idantifye anplwaye tranzisyon. Devlope plan tranzisyon inisyal la nan rankont IEP anyèl la. Plan tranzisyon an devlope nan ane IEP kote timoun lan vin gen 14 ane daj epi yo aktyalize l anyelman. http://www.mdtransitions.org/ Konsidere yon plan 5 ane pou w dekwoche yon diplòm. Aplike pou Administrasyon Andikap Devlòpmantal , si sa apwopriye. https://dda.health.maryland.gov/pages/Home.aspx Si w enskri nan lekòl segondè, chache Sèvis Tranzisyon Pre-Anplwa (Pre-ETS) atravè Divizyon Sèvis Reyabilitasyon (DORS). Bay pemisyon pou lekòl la pataje enfòmasyon edikatif ou ak DDA ak DORS. Kreye yon fichye adomisil pou planifikasyon tranzisyon.
Premye Ane Segondè (9yèm Ane)	<ul style="list-style-type: none"> Rankontre ak konseye oryantasyon pou chwazi yon klas etid lekòl segondè (pwogram pi konplè) http://marylandpublicschools.org/programs/Documents/CTE/CTE%20Programs%20of%20Study/CTEBlueBook2017.pdf Vin familyarize w ak amenajman sal klas ki nesesè yo. Kreye rezo sosyal ak sipò. Revize ekzijans gradyasyon ak konseye oryantasyon ou an.
Dezyèm Ane (10yèm Ane)	<ul style="list-style-type: none"> Rechèch sou enterè pwofesyonèl. Vizite biznis. Prepare obsevasyon nan sitiyasyon travay.

Laj/Kalandriye	Aktivite Kalandriye Tranzisyon pou Etidyan k ap Gradye nan laj 18 ane
	<ul style="list-style-type: none"> Pran kat Identifikasiyon Eta Maryland nan men Administrasyon Veyikil Motorize. http://www.mva.maryland.gov/drivers/apply/id-card.htm Rankontre ak ekip lekòl la pou aplike pou Amenajman Konsèy Invèsite. https://www.collegeboard.org/students-with-disabilities/request-accommodations Pran tès PSAT a. Revize ekzijans gradyasyon ak konseye oryantasyon ou an. Eksplor opsyon transpò. Konsidere fòmasyon pou vwayaj. Itilize transpò publik pou vwayaje nan kominote ou an. Soumèt yon Fòmilè Aplikasyon Mobilite pou sèvis mobilite/kominote. http://mta.maryland.gov/mobility Panse pran lisans chofè. http://www.mva.maryland.gov/drivers/apply/apply.htm http://dors.maryland.gov/consumers/WTC/Documents/Driving.pdf
Twazyèm Ane (11yèm ane)	<ul style="list-style-type: none"> Aplike pou Divizyon Sèvis Reyabilitasyon (DORS) nan oton anvan ane w ap soti a pou sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl . http://dors.maryland.gov/Pages/default.aspx Konsidere yon Evalyasyon Pwofesyonèl atravè Divizyon Sèvis Reyabilitasyon an. Rankontre ak ekip lekòl la pou aplike pou Amenajman Konsèy Invèsite. https://www.collegeboard.org/students-with-disabilities/request-accommodations Pran tès PSAT a. Panse pran lisans chofè. http://www.mva.maryland.gov/drivers/apply/apply.htm http://dors.maryland.gov/consumers/WTC/Documents/Driving.pdf Konsidere travay a tan pasyel/ete Fè rechèch sou invèsite, ekol komes, pwogram fòmasyon, opòtinite militè ak anplwa. Diskite ak konseye oryantasyon ak/oubyen anplwaye tranzisyon. Pefeksyone objektif pòs-segondè. Vizite invèsite, ekol komes ak/oubyen pwogram fòmasyon pòs-segondè. Si w ap eksplor opsyon militè, rankontre ak rekritè militè epi pran ASVAB. military.com/join-armed-forces/asvab Si w antre nan travay apre gradyasyon, chèche opòtinite travay. Fè rezo ak fanmi ak zanmi sou travay ki ouvri nan konpayi yo. Eksplor diferans ant pwogram yon fakilte kominote ak yon pwogram invèsite 4 ane. Konsidere opsyon enskripsyon atanpasyel konpare ak atanplen pou pwogram pòs-segondè. Kòmanse chèche ed finansye federal ak eta epi bous detid pou pwogram pòs-segondè. Eksplor/patisipe nan pwogram tranzisyon soti lekòl segondè pou ale nan invèsite. Revize ekzijans gradyasyon ak konseye oryantasyon ou an.
Dènye Ane (12yèm ane)	<ul style="list-style-type: none"> Prepare pou w pran SAT ak/oubyen ACT http://sat.collegeboard.org/home?affiliateld=nav&bannerId=g-cbh-sat http://www.actstudent.org/ https://www.collegeboard.org/students-with-disabilities/request-accommodations Si w ap enskri nan yon fakilte kominote, prepare pou w pran Accuplacer. Si w yo konsidere w kòm yon etidyan anratrapaj ("poko pre pou fakilte"), aksede a sèvis akademik pou enstriksyon anvan fakilte. http://accuplacer.collegeboard.org/students Aplike pou invèsite ak pwogram pòs-segondè oubyen antre nan sèvis militè. Si w ap aplike pou lekòl pòs-segondè, kontakte Sant Sipò Andikap la. Si w ap antre nan travay, kòmanse soumèt aplikasyon.

Laj/Kalandriye	Aktivite Kalandriye Tranzisyon pou Etidyan k ap Gradye nan laj 18 ane
	<ul style="list-style-type: none">• Aplike pou bous detid ak sibvansyon.• Rankontre ak konseye DORS pou diskite finansman pou pwogram pòs-segondè oubyen opòtinite travay.• Aplike pou Revni Sekirite Siplemantè nan laj 18 ane si w elijib. http://ssa.gov• Endividé k ap resevwa SSI ak SSDI rete elijib pou aplike pou ekzanpsyon fre eskolarite nan fakilte kominate. https://mhec.maryland.gov/preparing/Pages/FinancialAid/ProgramDescriptions/program-disabilities.aspx• Aplike pou ed finansye federal ak eta ant 1ye Janvye a 1ye Mas. https://fafsa.ed.gov/• Eksploré swen sante mantal pou adilt si nesesè.• Eksploré opsyon teknoloji asistans (si sa apwopriye) lè w kite sistèm lekòl la.• Aplike pou Asistans Medikal si w elijib . https://mmcp.health.maryland.gov/Pages/Am%20I%20Eligible.aspx• Enskri pou Sèvis Selektif (si w se gason) nan laj 18 ane. http://www.sss.gov• Enskri pou w vote nan laj 18 ane.• Chanje swen sante pedyat pou al nan sistèm sante pou adilt.• Lè yo aksepte w nan inivèsite, aksede a Sèvis Sipò Andikap.

Apandis B

Kesyon yo Souvan Poze sou Amenajman Edikasyon Pòs-segondè

Lwa Endividé Andikape (IDEA) nan ane 2004 la ekzije yon etidyan andikape dwe genyen yon IEP. Sepandan, IDEA pa aplike pou fakilte, ekol komes, oubyen inivèsite. Lekòl sa yo gouvène atravè yon ansanm lòt lwa federal ki enkli Lwa pou Ameriken Andikape (ADA) ak Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon Pwofesyonèl.

❖ AKSEDE A AMENAJMAN NAN LEKÒL PÒS-SEGONDÈ

Eske m pral kontinye gen yon Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP)?

Non. Pa gen okenn IEP nan anviwònman inivèsite a. Responsablite fakilte, ekol komes, ak inivèsite diferan nan fason konsiderab konpare ak responsablite lekòl segondè. Yon lòt diferans konsiderab se paske lekòl pòs-segondè pral sèlman kolabore ak jèn adilt la, men pa ak paran an. Jèn adilt la pral gen pi gran responsablite kòm yon etidyan inivèsite. Nan kad lwa sa yo, se responsablite jèn adilt lan pou l mande sèvis ak ofri dokimantasyon andikap apwopriye a. Jèn adilt lan dwe inisyé pwoesisis la epi aktivman enplike nan mande amenajman apwopriye.

Eske m ap jwenn menm amenajman m te resevwa nan lekòl segondè?

Pa nesesèman. IEP pa transfere nan lekòl pòs-segondè a. Lekòl pòs-segondè a pral detèmine ki amenajman etidyan an pral resevwa apre enfòmasyon fin reyini epi yo revize dokimantasyon an.

❖ AKSEDE SÈVIS ANDIKAP NAN LEKÒL PÒS-SEGONDÈ

Ki kote pou m ale pou sèvis?

Chake lekòl pòs-segondè gen endividé ki ede etidyan andikape. Endividé sa yo rete nan Biwo Sèvis Sipò Andikap (DDS) Pou resevwa amenajman akademik ak/oubyen lòt sèvis, jèn adilt dwe anpremye oto-identifye nan biwo DSS la. Se responsablite jèn adilt la pou pale ak lekòl pòs-segondè a sou sipò nesesè yo.

Kilè m ta dwe mande sèvis?

Menm si jèn adilt la ka mande amenajman nan men lekòl pòs-segondè yo a nenpot ki moman, yo rekòmande pou l pran yon randevou ak biwo DSS pi vit posib epi pa pita pase yon mwa anvan kòmansman semes la. Aranje sèvis ak amenajman pran tan. Kèk ajisteman akademik ka pran plis tan pou ofri yo pase yon lòt. Yo pa janm fè amenajman nan fason retwo-aktif. Pa janm tan se lè difikilte akademik vin paret.

Ki dokimantasyon mwen bezwen ofri?

Lekòl yo defini estanda rezonab pou dokimantasyon. Kèk lekòl ka ekzije plis dokimantasyon pase lòt, men tout lekòl yo ekzije jèn adilt la pou l bay dokimantasyon ki prepare atravè yon pwofesyonèl kalifye apwopriye. Jèn adilt la pral responsab **pou kèlkeswa fre** ki asosye nan akeri dokimantasyon obligatwa yo. Eleman esansyel nan dokimantasyon an enkli:

- Yon deklarasyon dyagnostik ki idantifye andikap la.
- Yon deskripsyon metodoloji dyagnostik ki itilize a, limit fonksyonel aktyèl jan yo afekte alafwa anviwònman akademik ak rezidansyel, evolisyon oubyen establité yo atann de andikap la, epi amenajman aktyèl ak pase, sèvis ak/oubyen medikaman.



- Rekòmandasyon pou amenajman, aparèy adaptasyon, sèvis asistans, estrateji konpansatwa, ak/oubyen sèvis sipò kolateral.

❖ RESEVWA AMENAJMAN NAN LEKÒL PÒS-SEGONDÈ

Ki amenajman yo ofri?

Amenajman se modifikasyon nan ekzijans akademik ki nesesè pou asire aksè egal ak jèn adilt andikape ki kalifye. Amenajman ki rezonab enkli:

- Tan adisyonèl sou tès
- Liv nan foma altenatif
- Entepret lang siy
- Lekte ekran
- Rekonesans vokal
- Lòt teknoloji asistans

Biwo DSS la pral travay ak jènn adilt pou etabli amenajman rezonab. Yo pap ka ofri yon amenajman si li kreye yon alterasyon fondamantal nan kou a. Yo pa pèmèt ekzonerasyon kou obligatwa. Etidyan andikape oblige satisfè ekzijans pwogram etid yo pou yo ka gradye.

Apandis C

Popilasyon Espesifik

Gen lòt sipò ak sèvis ki lye ak tranzisyon popilasyon moun andikape espesifik ka bezwen pandan y ap aksede a travay, edikasyon pòs-segondè, ak aktivite kominote. Yo pral diskite kèk nan yo anba a. Pou enfòmasyon konsènan popilasyon espesifik (pa ekzanp, Otistik, Soud/Difilikte pou tande, Avèg/ Vizyon limite) vizite Site Wèb Tranzisyon Maryland lan. <https://mdtransitions.org/> Pou enfòmasyon sou sipò familyal espesifik, vizite Lokal Paran sou sit wèb Maryland la nan <https://www.pppmd.org/> oubyen Sant Resous Paran nan sistèm lekòl lokal ou an.

Otistik

Twoub Spèk Otistik (Autism Spectrum Disorder, ASD) defini pa yon seten evantay konpotman epi li se yon "kondisyon spèk" ki afekte endividé nan fason diferan epi nan nivo diferan. Karakteristik sa yo jeneralman evidan anvan laj twa ane epi yo afekte pèfòmans edikatif nan fason negatif. Tlmoun ki gen twoub lan varye de sa ki fonksyone wo anpil (preske san distensyon konpare ak timoun ki pa otistik) ale jiska yon twoub pwofon. Kèk nan konpotman ki asosye ak twoub otistik enkli aprantisaj langaj anreta, difilikte pou fè kontak vizyèl oubyen kenbe yon konvesasyon; difilikte nan fonksyonman ekzekitif, ki lye ak rezònman ak planifikasyon; enterè limite, entans; kapasite motris fèb ak sansiblite sansoryèl. Yon lòt fwa ankò, yon moun nan spèk la ka swiv plizyè nan konpotman sa yo oubyen kèk, oubyen anpil lòt anplis. Dyagnotisk twoub spèk otis la aplike sou baz yon analiz tout konpòtman ak gravite yo.

Pou plis enfòmasyon oubyen pou aprann sou resous disponib, vizite : <http://www.pathfindersforautism.org/> or <https://www.autismspeaks.org/>.

Soud/Difilikte pou Tande

- **Soud:** Definisyón ofisyèl pou soud nan kad Lwa Edikasyon pou Endividé Andikape a se "yon defisyans oditif ki telman grav kote timoun lan pa rive trete enfòmasyon lengistik atravè odisyon li, avèk oubyen san amplifikasyon." Fraz "avèk oubyen san amplifikasyon" an enpòtan paske li endike yon aparèy oditif pa pral ofri amenajman sifizan pou pèmèt timoun lan reyisi nan sal klas la.
- **Difilikte pou Tande:** Etidyan ki idantifye kèm moun ki gen difilikte pou tande gen yon seten degré pet oditif soti nan modere jiska grav. Moun ki gen difilikte pou tande ka benefisyé de itilizasyon aparèy oditif oubyen lòt aparèy odisyon fonksyonel. Yo depann prensipalman de Angle aloral pou kominike ak lòt moun.

Pou plis enfòmasyon epi aprann sou resous disponib vizite www.nationaldeafcenter.org.

Avèg/Vizyon Fèb

- Nan kad IDEA, yon defisyans vizyèl se vizyon ki menm ak koreksyon negativman afekte pèfòmans edikatif timoun lan. Tem lan enkli alafwa vizyon pasyèl ak avèg. Vizyon pasyel ka refere ak vizyon fèb (yo pa ka li nan distans lekti nomal menm ak lantiy koretris). Avèg ka refere ak oswa legalman avèg (mwens pase vizyon 20/200 nan pi bon je a), yon chan vizyon limite, oubyen konplètman avèg (pa we menm).
- Etidyan ki gen defisyans vizyèl bezwen aprann menm sije ak konpetans akademik menm jan ak koleg vwayan yo, menm si yo pral fè sa nan yon fason adapte. Yo dwe aprann tou yon evantay konpetans elaji ki lye ak vizyon nan fason espesifik.



Pou plis enfòmasyon epi pou aprann plis sou resous disponib vizite:

Divizyon Sèvis Reyabilitasyon

Gid pou Sèvis Reyabilitasyon ak Resous Pou Endividé ki Avèg oubyen ki gen Pwoblèm Vizyon Grav

http://dors.maryland.gov/Brochures/blind_guide.pdf

Lekòl Maryland pou Avèg (The Maryland School for the Blind)

3501 Taylor Avenue

Baltimore, MD 21236

(401) 444-5000

<https://www.marylandschoolfortheblind.org/>

Asosyasyon Ameriken pou Soud-Avèg (American Association of the Deaf-Blind)

8630 Fenton Street, Suite 121

Silver Spring, MD 20910-3803

(301) 495-4403

Telefòn TDD/TTY (304) 495-4402

Imel AADB-Info@aadb.org

<http://www.aadb.org/>

Fa nan Columbia pou Avèg (Columbia Lighthouse for the Blind)

8720 Georgia Avenue Suite 210

Silver Spring, MD 20910

301-589-0894

<http://www.clb.org/>

Federasyon Nasyonal pou Avèg (National Federation of the Blind)

200 East Wells Street

at Jernigan Place

Baltimore, MD 21230

(410)-659-9314

Fax: (410)-685-5653

<https://nfb.org/>



Apandis D

Glosè Tem ak Akwonim

ADA - Lwa pou Ameriken Andikape- Lwa dwa sivil pou moun andikape

ASD - Spèk Twoub Otistik (Autism Spectrum Disorders)

ASVAB- Batri Aptitud Pwofesyonèl nan Sèvis Lame (Armed Services Vocational Aptitude Battery)

AT - Teknoloji Asistans (Assistive Technology)-- aparèy teknoloji avanse oubyen senp (tankou enteripte oubyen lojisyel òdinatè) pou ede moun kominike oubyen fini tach travay

BHA - Administrasyon Sante Konpòtmantal (Behavioral Health Administration)

CCS - Kowòdonatè Sèvis Kominote (Coordinator of Community Services)

CIL - Sant pou Lavi Endepandan (Centers for Independent Living)

Ki Baze nan Kominote - Sèvis ki ofri nan kominote kote moun andikape oubyen ki pa andikape travay, viv, ak pase tan lib yo, konpare ak yon anviwònman separe kote tout endividé nan yon anviwònman espesifik gen yon defisyans

Travay Konpetitif - Travay yo jwenn nan anviwònman pwofesyonèl anndan kominote a ki pa ekzije okenn sipò adiysonal

CRP - Patnè Reyabilitasyon Kominote (Community Rehabilitation Partner) (Vande nan sistèm adilt ki ka ofri sèvis ak sipò bay endividé andikape apre yo soti lekòl, si yo detèmine yo elijib.)

DDA - Administrasyon Andikap Devlòpmantal (Developmental Disabilities Administration)

DORS - Divizyon Sèvis Reyabilitasyon (Division of Rehabilitation Services)

DLLR - Ministè Travay, Lisans ak Regleman (Department of Labor, License, and Regulation)

DSS - Ministè Sèvis Sosyal (Department of Social Services)

Elijib - Dwe kalifye pou sèvis lè yo satisfè ekzijans espesifik

Abilite - Sèvis ki garanti

Titèl - Yon pwosedj jidisye ki akode otirite pou pran desizyon pou yon adilt ki gen defyans koyitif konsiderab bay yon tyès pati (ekzanp, yo akode a paran pouvwa pou pran desizyon sou finans ptit yo .)

IDEA - Lwa Edikasyon pou Endividé Andikape (Individuals with Disabilities Education Act) - Regleman federal ki gouvène edikasyon espesyal

IEP - Pwogram Edikasyon Pèsonalize (Individual Education Program)



Envantè Enterè - Ekzèsis vèbal, alekri oubyen sou òdinatè ki ede yon moun idantifye ki travay ki ka konpatib ak yo anfonksyon bagay yo renmen fè ak aktivite yo renmen patisipe

IPE - Plan Pèsonalize pou Anplwa (Individualized Plan for Employment)

MA - Asistans Medikal

MTA - Administrasyon Transpò Maryland (Maryland Transit Administration)

Pre-ETS - Sèvis Tranzisyon Pre-Anplwa nan kad Inovasyon ak Opòtinite pou Mendèv (WIOA)

Defans Pèsonèl - Pwosesis kote w ap akeri sèvis ou bezwen pou pwòp tèt ou

Otonòmi - Yon pwosesis kote preferans, enterè, kapasite, ak swe endividé a reprezante sant aktivite planifikasyon ak ekzekisyon.

SGA - Aktivite Reminere Sibstansyèl (Substantial Gainful Activity)

SSA - Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration)

SSDI - Asirans Sante atravè Sekirite Sosyal (Social Security Disability Insurance)

SSI - Revni Sekirite Siplemantè (Supplemental Security Income)

VR - Reyabilitasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation)

WIOA - Lwa Inovasyon ak Opòtinite pou Mendèv (Workforce Innovation and Opportunity Act)



Apandis E

Pwosesis Tranzisyon: Lyen Ajans

Etidyan andikape ka bezwen sèvis adilt pou reyalize objektif pòs-segondè yo nan tavay, edikasyon pòs-segondè, fòmasyon, ak lavi endependan (lè sa apwopriye) Ankonsèkans, etidyan ak fanmi yo bezwen etabli koneksyon apwopriye yo anvan yo kite lekòl pou pa gen vid nan sèvis. Ak pemisyon w, yon reprezantan lekòl para ede w nan lye etidyan an ak ajans apwopriye yo. Se responsablite etidyan an ak fanmi l pou yo ranpli pwosesis aplikasyon an pou asire sèvis nesesè resevwa si yo detèmine etidyan an elijib.

Gid Planifikasyon Tranzisyon Segondè pou Endividé Andikape an ofri enfòmasyon sou sèvis adilt potansyel. Gid la gen enfòmasyon sou krite elijiblite ajans ak pwosesis lyen espesifik. Enfòmasyon sa a pral asiste w ak timoun ou an pandan w kòmanse pwosesis tranzisyon ak lyen pou sèvis adilt.

Revizyon Gid Planifikasyon Tranzisyon Segondè pou Endividé Andikape se premye etap nan pwosesis lyen ak ajans apwopriye. Gid lan ofri enfòmasyon nesesè pou chwazi ajans kòrèk la pou asistans. Anplwaye lekòl etidyan w lan ka ofri enfòmasyon kontak lokal konsènan pwosesis aplikasyon an.

Resepsyon Gid Planifikasyon Tranzisyon Segondè pou Endividé Andikape sèvi kòm lyen inisyal ak ajans sèvis adilt. Distribisyón Gid sa a fè pati pwosesis planifikasyon tranzisyon an epi siyati w sou fòmilè a pral verifye ou resevwa Gid la.

Non Etidyan:

Dat:

Sistèm Lekòl Lokal:

Siyati Etidyan:

Siyati Paran:



Pou plis enfòmasyon sou planifikasyon tranzisyon segondè nan Maryland:

Kontakte ekip Tranzisyon Segondè Eta Maryland lan-

Maryland State Department of Education (Ministè Edikasyon nan Eta Maryland)
Division of Early Intervention and Special Education Services
(Divizyon Sèvis Entèvansyon Bonè ak Edikasyon Espesyal)
200 West Baltimore Street
Baltimore, Maryland 21201
410-767-0244 telefòn
410333-8165 faks





Ministè Edikasyon nan Eta Maryland

Revize 20 Avril 2020